

Аварский
ISSN 0132-9723

# МагIарулай

3/2019

# ДЕНЬ ЗАЩИТЫ ДЕТЕЙ



Хадиджа Исмаилова.
Фото Расмии Багавовой.



# ЧӀортогун ва мелгун...

Хъвалеб буго кӀвар бугебилан таралъул хӀакъалъулъ ва дагъайго хӀинкъунги йиго мекъи йичӀчӀиладаян. Гьанжеги школалъул хабар…

Дагъал къояз цее яккана васасул васасул дневникалде. РацӀцӀадал тӀанчал руго, я лъурал къиматал гуро, я рокъоб къураб хӀалтӀи гуро. Хадуб лъалел-хъвалезухъе ахӀана, гьезулги лъималазул дневникал гьединабго хӀалалдайищ ругелали лъазабизелъун. Цоязул гьел цӀолел ратана, цогидазул ратичӀо. ГӀемериселъ учителзабаз суратал рахъун журналалдасаго ритӀулел руго ватцапалде эбел-инсухъе къиматал.Гьелда бан дирго пикру ва рахӀат хвей загьир гьабизе ракӀалде ккана.

Компьютеризация, технологизация ва цогидалги … акциял. КигӀанаб заман бугеб школалда лъай кьей «лъикӀлъизабулаго» унеб, амма кинабго хъашлъулебги холебги буго. Щиб жо кколеб электронияб дневник нилъер республикаялда? Бегьулищ гьеб киналго шагьаразулги росабазулги школазда хӀалтӀизабизе. Дир хӀисабалда бегьуларо! Бихьизабизеха бугеб ахӀвал-хӀал: вахъана цӀалдохъан дарс бицине, гьесие лъезе ккола къимат. Гьелъие учителасухъ букӀине къваригӀуна компьютер ва щибаб къоялъ гьениб цӀигьабизе къваригӀуна информация. Гьелда тӀад хвезабизе ккола гӀемераб заман ва хӀатӀизабизе ккола wi-fi, гьединго чӀезабизе хӀажалъула кидаго ток.

Жакъа щивав цӀалдохъанасул эбел-инсухъе, цебесеб школалда букӀараб гӀадин, щолеб гьечӀо лъималаз росарал къиматазул ва гьезул гӀадлу-низамалъул хӀакъалъулъ баян. Гьединлъидал дида бичӀчӀуларо, щай цебесеб лъикӀаб гӀадлуги цӀунун дневникал хӀалтӀизаруларел, щай нилъеца киралиго западалъул улкабазда бугелдасан мисал босизе кколеб, новация инновацияйилан жалги рицун?

Нилъеда киназдаго лъала, кигӀанго рес гьечӀелги гӀадамаз лъималазе ЕГЭ кьеялъе кумекалъе репититорал кколел рукӀин. Гьединал репетитораллъунги гӀемериселъ жалго школалъул мугӀалимзаби рукӀуна ва хадуб экзаменазда гьез къиматал рацӀцӀадал лъейги щакаб жо буго. КинабгӀаги гӀайиб учителасда гьабулеб мех гуро, гьезулги руго лъимал, хьихьизе ккола хъизанги.

ЦӀи-цӀиял ургъун рахъулел жалазулин абуни гъуни лъугьинабулеб буго. Гьанже абулеб буго учителас дарс рикӀкӀадаса, Интерneталъул кумекалдалъунги кьезе бегьулин. Гьедин мугӀалимасул хӀажалъиго лъугӀизабизехъин буго, гьесул хӀурматги къадруги билизабулеб буго, гӀадан ва профессионал хӀисабалда гьев хӀажалъизехъинго гьечӀо, гьединго цӀалдохъабазе мисаллъунги хутӀиларо! Гьеб кинабго букӀиндалха учителасулъ. РакӀалда бугищ, нилъеда лъимал мугӀалимас абуралдаса къуризаризе бажарулароан, ахирисеблъун кидаго букӀунаан: «Учителас абуна»…

Дие кутакалда битӀккана – дир рукӀана лъикӀал мугӀалимзаби, жакъаги ракӀалда руго гьезул гвангъарал гьурмал. Нижее гӀолареб жо гӀицӀго компьютералги гаджеталги рукӀана. ЧӀортогун мелгун нижеца лъай гъваридаб босулаан ва жакъаги кӀочонаро школалда малъараб жо.

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦӀАЛЕ:



**ЩВАНА, ГЬУДУЛ, ЩВАНА ГЬАБ ХАСАЛИХЪЛЪИ...**

Гьеб лахӀзаталъ дидаса талихӀаб чиго вугодаян кколеб букӀана. РакӀги букӀана, боржине къачӀан, твархелеб. Бажариладай росулъа ясалда шагьаралъул гӀумруялде гьорлъе лъугьине дагъайго хӀинкъунги йикӀана ......... 6

**МОХӀОСА БУЛАЧ**



ГӀажаибаб хъизан, хӀикматал гӀадамал – гвангъарал, мустахӀикъал, бахӀарчиял ва рацӀцӀадал. Гьезул хӀакъалъулъ цӀалулелъул ракӀалде ккола киндай гьединаб гьоркьоблъи лъугьуна эбел-инсудаги лъималаздаги ва жалго лъималаздаги гьоркьобилан, гьезул щивав вуго цогидазул камураб жиндилъ бугев, цадахъго росани гьел ккола биххулареб цолъи. .............. 13



**РОКЬУДАСАГИ ЦӀИКӀКӀАРАБ...**

– Дидайин абуни бачӀинахъего бичӀчӀана Акай яги гӀелму цояб тӀаса бищизе ккезехъин букӀин, гурони хъизан букӀунареблъи. Гьединго кӀвар бугеблъун кколаан, хӀалтӀуда гӀемераб заман тӀамулеб бугилан, рокъоб бадибчӀвай гьабизе тунгутӀиги. Ниж цоцазда бигьаго ричӀчӀулаан, хӀатта рагӀи абичӀогоги, - ян гьимана гьей. ................26

**ЦӀУМУР**



Ана цогидаб шагьаралде, дида щивниги лъалареб бакӀалде. Гьениб лъазего лъаларел гӀадамазухъан щвана кумек ва церехун рокьулел рукӀарал гӀагарал чагӀаз инкар гьабураб квербакъиги. ГӀажаибаб жо батана дида гьеб, гӀагарал гӀадамал чиярallъун ва чиярал гӀагараллъун лъугьунеб ахӀвал-хӀал. Дие кӀиго гӀумру гьабизе рес ккараб гӀадинаб асар букӀана, цояб лъугӀараб бакӀалда байбихьана кӀиабилеб… ..........34



# МАКЪНАЗДЕГИ НУЖЕДЕГИ РОКЬИГУН. ИРИНА НАХТИГАЛЬ

Исана 75 сон кIодо гьабулеб буго Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб филармониялъ. Гьелъул художественнияй нухмалъулей, РДялъул искусствоялъул мустахIикъай хIаракатчIужу Ирина Нахтигалица нилъее бицунеб буго жидерго культураялъулаб учреждениялъул концертазулабгун лъай тIибитIизабиялъулаб хIаракатчилъиялъул ва гьединго жиндирго гIумруялъул, гьеб макъназе кьураб букIиналъулги хIакъалъулъ. Исана 20 сон уна гьелъ филармониялъе нухмалъи гьабизе байбихьаралдасаги.

**– Ирина Германовна, бице, жакъа кинаб филармония бугеб?**

- ГIемерисезда ракIалде ккола филармония - гьеб кколин концерталги, спектаклялги, церелъеялги - ян… ХIакъикъаталдайин абуни гьеб ккола макъназул профессионалияб искусство цебетIезабиялъе ва тIибитIизабиялъе хIалтIулеб гIуцIи. Нижеца гьелъул хIалтIи цIигьабуна ва гьанже гьенир цере рахъуна дунялалда цIар рагIарал макъназул устарзабиги. Гьанже гьенире гIемерал рачIуна макъназухъ гIенеккизе. Гьедин букIунаан дун гIолохъанаб мехалдаги. Берцинаб букIана доб мехалда филармониялъул минаги. Гьеб бан буго жеги XIX абилеб гIасруялдаго. Цо заманаялда гьениб букIун буго чуязул бокьги, гьарун рукIун руго гьенир цехалги, складалги, хIатта шагьаралъул Собранияги. Дагъистаналъул филармония гIуцIун буго I944 соналъ, концертазулаб бюроялъул кьучIалда ва гьанибе бахъун буго I950 абилел соназда.

**– Филармониялъул минаялъул суал чIечIого баккулеб букIуна. СМИязги соцсетазги кидаго кIвар кьола гьелде, бицуна гьеб къачIалеб гьечIилан. Цосинаб биххизегIаги гуродай къваригIун бугеб?**

– Божизе бокьун буго гьеб цIунизе кIвеялда. Кинаб гьеб букIинебали профессионалаз абизе батила, амма цIигьабизе кIвелилан дун божуларо. Жакъа гьенир

жанир рукIине хIинкъи буго: тIалаязда гьоркьор руго цIулал басриялго чIалаби ва хъарши, гьел бокьараб мехалда риххизе ресги буго. ГьечIо гьенир гримеркаби, буфет, ретIел бахъизе бакI, артистазе ва цогидал ралагьизе ва гIенеккизе рачIаразе хIажатал жал. Гьеб къачIаялъул хIалтIиги 90 абилел соназдаса гьабичIо.

КIигIанго хирияб ва республикаялъухъа тIубазабун бажарулареб проект букIаниги, культураялъул министр Зарема Бутаева гьелда тIад хIалтIулей йиго.

Бокьилаан цIигьабураб минаялъул гьанже бугеб гIадинаб тарихияб сурат лъугьинабизе ва жанибги дандерижи лъугьунеб зал букIинабизе.

**– Гьанже кирха нуж хIалтIулел ругел?**

– ГьабсагIаталъ ниж хIалтIулел руго, цебе роолаб филармония букIараб бакIалда бугеб кIитIалаяб, административияб минаялда жанир. Хинаб заманаялда концерталги гьенир кьола. Гьединго ниж цере рахъуна лъарагIазул театралъул залалдаги ва гьезие баркала буго гьединаб рес нижее кьуралъухъ. Гьенир ругел тамахал бакIаз, баянаб букIахъе, гьаракь кIкIунеб бугониги, гьанже ниж гьеб залалде ругьунлъунги руго.

**– I999 соналъ тана мун гьеб коллективалъул художественнияй нухмалъулейлъун. Кинаб доб мехалда, къого соналъ цебехун гьеб букIараб?**

– Доб заманаялда макъназде регIараб хIалго букIинчIо. ГIемерал кколел рукIана лъугьа-бахъинал, хисулеб букIана гIумруги гIадамалги. Цогидаб хIалалъул бицинчIониги къватIисан яргъид гIуцIарал кIанцIигIаги букIинчIищ. Амма нилъ бергьана, нилъеца нилъерго рукъ – гIагараб Дагъистан Россиялда гьоркьоб цIунана ва цIилъиялъулаб нухде рачана. Культураялде ва гьединго нижер жанралдехунги балагьи къучIдасаго хисана.

**– Кин ккараб хIалтIи дуца тIолабго гIумру макъназе кьей?**

– Дица цин лъугIизабуна Каспийскиялъул музыкалияб училище, хадубги Дагъистаналъул Г. ХIасановасул цIаралда бугеб музыкалияб училище. Гьелдаса хадубги лъугIизабуна Санкт-Петербургалъул консерватория ва юссана Дагъистаналде. I979 абилеб соналдаса нилъер училищеялда малъулаан макъназул теория, I985 соналъ дун ахIана Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб филармониялде лектор-музыковедлъун хIалтIизе.

Дие гьеб хIалтIи кутакалда къабуллъана, цебехун киданиги концертазул залазда лекциялгун цее яхъинилан ракIалда букIинчIониги. Дол соназда музыкалияб лектория цебетIолебги букIана, моцIида жаниб I5-дасаги цIикIкIун концертал кьолаан.

**– Камерниял макъназухъ гIенеккизе чIахIиял гIадамал щай рачIунелали бичIчIулеб жо буго, школлъималазе ва студентазе концертал кьезе унелъул кин нужеца гьел залалда кколел?**

– Нижер хIалтIул мурадлъун буго академикияб макъназул искусство гIадамазда рагIизаби, гьеб бичIчIизе кумек гьаби. Сценаялда классикиял асарал хIалелъул дица бицуна кин гьезухъ гIенеккизе кколел, кин гьел рекIелъе ригчалелали.



**– Кинал коллективал гьанже филармониялда хIалтIулел?**

– Нижер руго: Россиялъул мустахIикъай артист Зарифа ГIабдулаевалъ нухмалъулеб камералъулаб оркестр; РДялъул халкъияв артист МухIамад Абакаровас нухмалъулеб, эстрадиябгун-духовияб оркестр, макъназулаб лекторий, гьенир хIалтIула академическияб жанралъул вокалистал; инструменталияб коллектив «Макам»; этно-джазалъулаб ансамбль, вокалиял ансамблял «Эридан» ва «Джислам»; балет «Адемос», гьединго халкъиял кучIдул ахIулел ва эстрадаялъулал вокалистазул кIудияб къокъа.

**– Нужеца гIемерал проектал гIумруялде рахъинарулел руго, хIалтIулел руго къватIиса рачIаралги бакIалъулалги артисталгун. Кинал проектал кIвар цIикIкIараллъун рихьулел дудаго?**

– Гьел проектазул тIоцебесеб байбихьана 2000 абилеб сональго, гьеб ккола «Нижер анищал» абураб гIисинал гьунарчагIазул Фестиваль, гьениб нижеца лъималазе рес кьола камернияб оркестргун сценаялде рахъине.

I9 соналда жанир гIемерал гьеб Фестивалалда гIахьаллъарал лъимал гIуна, цIализе лъугьана улкаялъул лъикIаздаса лъикIал музыкалиял вузазде – Москваялда, Петербургалда, Саратовалда, Ростовалда, Астраханалда ва гьединго къватIисел улкабаздаги.



Гьелда бан бижана цIияб проект: «Дагъистаналъул филармониялъул сценаялда Россиялъул конснрваториязул студентал» абураб. Гьеб проекталда рекъон гIезегIаналго концертал гьаруна ва лъикI ана. БатIи-батIиял консерваториязда цIалулел гIолохъанал дагъистаниязул гъунки лъугьана, лъай-хъвай ккана, гьез ансамблял гIуцIана ва МахIачхъалаялда лъикIал концерталги кьун Россиялъул шагьараздеги ана.

2008 сонаЛъ нижеца байбихьана цоги проект: «Порт-Петровскиялъул ансамблял» абураб халкъазда гьоркьосеб фестиваль. Хадубго бижана «Дагъистаналъул фанфарал» абураб, духовияб оркестралъул фестиваль, гьединго гьанжесел макъназул, «Творчествоялъулал дандчIваял» абураб проект – форум.

Нижеца гIемерал соназ гурхIел-рахIмуялъулал концертал кьола сакъатал гIадамазе ва бесдалазе. Гьелдаго цадахъ нижеца Республикаялъулаб социалиябгун-реабилитациялъул централда хIалтIизабула «Бегье лъимадухъе квер» абураб, лъай кьеялъулаб проект. Щибаб анкьалъ музыкантал хIалтIула гьенир ругел лъималгун, ургъула гьезие гьаризе рекIелгьеял. Гьеб хIалтIи нижеца тIубазабула Президентасул гранталъе щвараб гIарцуда рекъон.

**– Нужее кIвар бугеблъун щиб кколеб – концерталъул художествойищ, гьелъухъ щолеб гIарацищ?**

– ЦIакъ лъикI букIинаан гьел рахъал ращад кколелани. Гьай-гьай, художество цебегIанаб буго! ГIарцул рахъалъ кколеб хIасилалъул бицун пайда гьечIо. Нижеда бичIчIула кIудияб багьа белтазул букIине кколареблъи, гьениб хIисабалде босизе кколa цохIо нижехъе рачIунезул гьира гуреб, гьезул кинаб рес бугебалиги. Гьединлъидал лъималазул концертазде белтал рукIуна нусго гъурщиде, чIахIиязул – 200-500 гъурщиде.

**– Нужеца абонементал кьолищ концертазул сериязе, гьебги гьанже гIадамал гьорлъе цIаялъе хIалтIизабулеб къагIида буго?**

– Абонементал гьаризеги рикьизеги бегьула концертазул сезон кинаб букIинебали цебеккунго лъалеб бугони. Нижее гьеб захIмалъуларо, гIадамазеги кидаго гуро дандe кколеб бихьизабураб къо-моцIалда концертазде рачIине. Ригь арал гIадамалин абуни абонементалде ругьунал руго, гьединлъидал нижецаги къваригIаразе гьел кьола.

**– Жакъасев филармониялде хьвадулев чи кинав вугев?**

– МахIачхъалаялда гьел лъикIал руго. Цере гIадамал рачIунаан гIицIго «артистасухъе» гурел, концерталъухъги гIенеккизе, щайгурелъул музыкантаз жакъа хIала Бах, метер - Бетховин, Шопен ва г ь ц. Ахирал соназдайин абуни академиялъулал концертазде балагьи дагьаб хисун бугин ккола. Кин букIаниги дица бетIер къулула гьенире рачIунезе. Щибаб цере рахъин букIуна цIияб дуняллъун ва батIияб асарлъун. Классикиял макънал гьанже хIажаталлъун лъугьунел руго, гьелъие нугIлъи гьабула залал цIолел рукIиналъги.

**– Нилъехъе рачIун рукIана дунялалдаго рагIарал макънал рачунел гIадамалги. Гьез щибилан абулеб нилъер зрителазда?**

– Россиялъул регионаздаса рачIарал гIажаиблъун рукIуна гьаниб академиялъулал макъназул культураялъул бугеб цебетIей бихьун. Чангиял хIадурал рукIуна хIалтIизе гьанирго чIезеги.

Гьанире гIемер рачIуна скрипач ва дирижер Юрий Медянник, гьев нилъеда вихьула ТВидениялъул «ХъахIилаб хIинчI» абураб проекталда, Владислав Вальс, Олег Полянский. Нижеда ватана лъикIаб макъанчи Марио – Али Дюранд – Сутуев, гьес хIаракатчилъигун хIалтIизе байбихьана нилъер филармониялда. Гьес гьаниб «Пьяццоло квартеталда» цадахъ кьуна тIоцебесеб концерт.

**– Дуца пикру гьабичIищ, немцазул мацIалда «мокъокъ» абураб магIнаялъулаб, Нахтигаль абураб фамилиялъ дур къисмат къотIиялъулги.**

– БукIине бегьулаха. Нахтигель дие инсухъан щвана. Дун ккола бащадай немка. Эбел дир гIурусай йиго. Гьелъ балеб буго 90 сон. Диргоги руго кIиго ясги лъабгоял гьезул лъималги…

Анкьго соналъ цеве хвана дир рос Владимир Ротте. Ниж кидаго цадахъ рукIунаан. Лъай-хъвайги нижер филармониялда ккана ва данделъана. Володяца республикаялъул макъназул культураялъе гьабураб квербакъи къимат кьезе бажарулареб буго. ГIемериселъ гьесул бажариялда бан хутIана филармония 90 соназда къачIого. Гьев хIалтIулев вукIана администраторлъун ва дизайнерлъун, гьарулаан афишабиги, хъулухъ гьабулаан нижер кутакаб клавесин «Стейнвеялъе».

Дир гIумруги къисматги – гIицIго хIалтIи гуро, буго хъизанги, ва киналго руччабацаго гIадин хъулухъ гьабула цереселги гIагаралги гIадамазе, буго гьезда цебе жавабчилъиги. РикIкIунищха дицаго дун талихIайлъун? Ятилин ккола дун талихIай, щайгурелъул талихIалъе хIажатабщинаб дирги буго!

Гьединлъидал батизе ккола дица цееяхъин лъугIизабулеб: «Макъназдеги нужедеги рокьигун. **Ирина Нахтигаль» абун.**

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# РЕКIЕЛЪ ХIЕНЕХI ГIАДАДА РЕКIУНАРО

Гьайбатай чIужугIадан, эбел, машгьурай политик, дагъистаналъул интеллигенциялъул гвангъарай вакил, ишалъулай гIадан, кIудияй патриот, нижер журналалъул героиня Персият Къурбановна БахIандовалъул буго юбилей.

РухIдаллъула гьелъул чIагояб гIакълуялда, гIадамаздехун бугеб балагьиялда, гьезие кумекалъе букIунеб хIадурлъиялда, гIумруялъулги профессионалиябги хIалбихьиялда, тIолабго гIумруялъ гIадамазул тIалабги ургъелги гьабизе гьелъухъа, кий хIалтIаниги, бажариялда.

ГIемерал соназ Персиятица нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул социалияб рахъалъ цIуниялъул министерствоялъе. Абизе ккола гьей гьение ячIаралдаса байбихьанин республикаялда социалияб рахъалъ цIуниялъул цIияб къагIидаги. Ресукъал ва херал гIадамазе социалияб хъулухъ лъикI гьабиялъе щибаб районалда ва шагьаралда рагьун рукIана батIи-батIиял социалиял учреждениял. Гьездаго цадахъ, гьелъул хIаракаталдалъун рагьана социалияб рахъалъ цIуниялъул республикаялъулаб Централ.

Ракьалда бищунго берцинаб жо буго инсан ва гьесул лъикIал ишал. Гьединал гIадамаздаса ругьунлъизе ккола гIуцIарухъанлъиялъе ва тIаде гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъеги.

Персият лъалел гIадамазда гьоркьов цоники чи ватиларин ккола жидее гьабураб кумекалъухъ, гьелъул гIаданлъиялъухъ, гIадлуялъухъ ва гIадамал рокьиялъухъ баркала кьоларев. Жакъаги йиго гьей ишалъулайлъун ва кумекалъе ятизе хIадурайлъун.

Гьединго Персият Къурбановна ккола ургъел гьабулей эбелги, лъикIай лъадиги; кIудияб разилъигун кьолеб буго гьелъ рекIел хинлъи хъизаналъе, лъималазе, лъималазул лъималазе, гIагаразе ва божаразе.

Баркула дуда, нижер хIурматияй Персият Къурбановна, юбилей, гьарула щулияб сахлъи, кидаго гIадамал рази гьаризе гIураб бажариги къуватги! Божула дулъ ругелщинал лъикIал рахъал: гIакъиллъи, рекIел хинлъи, кIудияб жавабчилъи ва цогидалъги кумек гьабилин хадубккунги Дагъистаналда рекъел щулалъиялъе, миллатал цоцазда ричIчIиялъе, социалиябгун-экономикиябги рухIиябги цебетIеялъе квербакъиялъе.

**«МагIарулай» журналалъул коллектив**

# ЩВАНА, ГЬУДУЛ, ЩВАНА ГЬАБ ХАСАЛИХЪЛЪИ...

ГIумру, лахIзаталъ лъалхъе,
Дуй кьезе суал бугин
Киб бугеб доб талихI,
Щайзе мун буцIцIун чIараб?



ГIажаибаб жо буго инсанасул гIумру. Цин гьелъ къисматалъе салам кьола, цинги талихIалъул бакъул чIораз недегьго реэдула ва циндаго хьулазул хьухьакье ккараб гIумруялъул рагIдукь даран соролел хутIула.

Гьединал лахIзатал щивав чиялуги рукIунел ратула – цин гьев къеркьола гIумруялъул карачелалгун, цинги гьелго карачелаз восун гIурул рагIалдеги рехула. Къисматалъул тIанчал нахъехун регулаго, нилъер щивасда чIвалебги батила батIи-батIиял махIал – кьогIалги, гьуиналги, цIекIалги, цIамхIалалги. Гьале талихIалъул хинлъиялъ кунчIизабураб гъансито, гьаб цояб тIанчида тIурачIел анищазухъ тIураб магIуги магI гIадин каранда къан хутIарал хьулалги. Гьаб цоялда талихIалъул бакъуде данде жавгьарлъун кенчIолел гIумрудул къоял.

Буго дирги гьединаб тIехь. Гьениб тIугьдузул квацIилъун кенчIолеб буго дирги Нуцалалъулги гьудуллъи…

Долдаса нахъе ана 40 сон. Жакъа гIадин ракIалда буго 1979 соналъул I сентябрь – Дагъистаналъул педагогикияб институталъул азбар.

Гьеб лахIзаталъ дидаса талихIав чиго вугодаян кколеб букIана. РакIги букIана, боржине къачIан, тваpхелеб. Бажариладай росулъа ясалда шагьаралъул гIумруялде гъорлъе лъугьине дагьайго хIинкъунги йикIана. Ва цо заманаялдасан дида аскIое ячIана мун Хунзахъ районалдаса гурищанги абун багIарал гIанабазул, гургинаб гьумералъул, гьуинабго гьимиялъул яс.

Жинда цIар Нуцалай бугилан абун, гьимана гьей. Гьеб гьими гIадабго гьуинаб батана нижер гьудуллъиги. Гьелъ кунчIизаруна дие къисматалъул нухалги, нухаздаго хутIарал анищазеги рогьалил гьогьоми кьуна гьелъ, дир чиякълъиялдаги туманкI речIчIана гьелъ.

Сонал анагIан, гIолохъанлъулеб буго нижер гьудуллъи.

### ГIУМРУЯЛЪУЛ НУХАЗДАСАН

ТIалхIатова Нуцалай МухIамадовна.

Гьаюна ва гIуна Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ. Хунзахъ росдал №2 гьоркьохъеб школа-

ги лъугIизабун, 1979 соналда цIализе лъугьана ДГПИялъул филологияб факультеталде.

1984 соналдаса байбихьун хIалтIулей йиго гIурус ва магIарул мацIалъул учительлъун.

Цин гьей хIалтIана МахIачхъалаялъул батIи-батIиял школазда, цинги тIадюссана гIагараб школалде.

ХIалтIана тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун, пионервожатаялъун. ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго лъайкьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун.

Гьелъул хIалтIуе кIудияб къимат кьуна хIукуматалъги. Нуцалай МухIамадовна ккола РФялъул лъайкьеялъул ХIурматияй хIалтIухъанги, ДРялъул лъай кьеялъул отличникги. Рос ХIажигун, лъикIаб тарбияги кьун, гIезабуна лъабго лъимер: цо васги кIиго ясги.

Вас Шамилица лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъулаб техникияб университет.

ГIумру гьабулеб буго МахIачхъалаялда. ЦIикIкIарай яс Аминатица лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъулаб мединститут «Земский доктор» программаялда рекъон, хIалтIулей його Хунзахъ районалъулаб больницаялда гинекологлъун. Гьелъулги буго лъабго лъимер. ГьитIинай яс Залму цIалана ДГПУялда. ГьабсагIаталда росгун цадахъ гIумру гьабулеб буго Екатеринбургалда. Даимаб батаги гьеб талихIаб гъасда бакараб цIадул кунчIиги.

## БИГЬАРОДУЛ ХЪУПИЛ ХIАЙРАНАЛ САРИНАЗУХЪ

1984 соналъул июль. Диплом кьолеб рохелги пашманлъиги жубараб къо.

Рохун рукIана гIурус мацIалъул учителасул махщел щвеялдаса, тIадегIанаб хъулухъалъе мустахIикъал рукIине гьаги балаго, цIакъго чIухIун рукIана.

Пашманлъун рукIана, ратIалъулел ругелъул. ЦIияб гIумруялъул цIурмил гьаракьалъ рикьрикьизехъин ругел нижер магIил гараз ахIулеб букIана гьудуллъи абадияб бугилан.

Гьеле гьеб къоялъ чIана нижеца кIиабилеб рукълъун лъугьараб институталъул №5 общежитиялъул азбаралда гьудуллъиялъул гъветI.

Дунги Нуцаги (гьедин абулаан дица Нуцалалда) санайил щола гьеб гъотIохъе. Хасго апрель-маялда гьенире щвезе хIаракат бахъула нижеца. Бигьародул, гIазу гIадин, хъван балеб хъупил сариназ рачуна пединституталъул филологияб факультеталдеги, пикрабазул куркьбаздаги рекIун, щола цадахъ цIалулел рукIаразул щивасухъе. Урхъула щуябго соналъул щибаб лъахIзаталъухъ.

Бигьародул гъотIол сариназги, саву ккарал ботIрол расазги щурулеб буго гIумруялъул хасалихълъи щун бугилан.

*Щвана, гьудул, щвана гьаб хасалихълъи,*
*Хиялаз хьухьараб, хьулаз угьараб,*
*ГIумруялъул гъотIол речIарал тIанхаз*
*МагIу тIолеб буго дол лахIзатазухъ.*

*ГIинтIаме, рагIулищ дуда саринал*
*Бигьародул хъупалъ рачунел ругел,*
*Анищал, хьулалги, рокьи, хинлъиги –*
*Кинабго гIахьалаб букIанин нилъер.*

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**







# ЭБЕЛЛЪИ – КIУДИЯБ МАХЩЕЛ

**Гьаб хабар буго чIужугIаданалъул аслиял ишал – эбеллъи ва кIодоэбеллъи тIуразари тIаде босаралъул хIакъалъулъ.
Эбел – бахIарчIужу, Кавсар ГIашурова – ккола захIматалъул ветеран, гьелъ гIезабуна I2 лъимер ва гьелъие щвана гIемерал шапакъатал
РакIалдаго гьечIого ккана нижер лъай-хъвай гьей мустахIикъай чIужу – гIемерал лъималазул эбел, тIалаб бугей лъадулгун.**

Логокъай, тамахай, гIададатго ретIа-къарай, гьанжесеб ракIарахари катIарияльул ва къачIай кверазул бугей Кавсар ГIашуровалъ нижее Дербенталда бугеб жиндирго рокъоб хинаб дандчIвайги гьабуна.

Гьединаб кIудияб хъизан гIуцIиги, цIуниги, хьихьиги бигьаяб иш гуро ва Кавсар ХIайбулаевнаялъухъа гьеб бажарун буго. Табасаран районалъул Тураг росулъ, росдал учителасул, лъималгIемераб хъизаналда гьаюрай гьезул букIана микьго лъимер: кIиго вац ва анлъго яц. Школа лъугIун хадуй, Кавсаридаги цIализе ине ракIалда букIана, амма данде ккечIо. Росасе ана…

- ГIадатияб лъугьа-бахъин. Дун берцин йихьана ГIабдуселимида, батIияб росулъа лъикIав васасда. Гьев вукIана доб заманаялъ росдал фельдшеразулгун-акушеразул пунктальул заведующийлъун. Гьаниве гьев вачIун вукIана цIалун хадув хIалтIизе витIун. Гьев диеги рекIее гIуна. Рокьи гьаби доб мехалда гIададатго букIинчIо, гьесул чагIи гьаризе рачIиндал дунги кьуна, - ян бицана гьелъ.

Байбихьуда ГIашуровазул хъизан букIана Турагалда, хадуб гочана Дербенталде. ГIумру букIана гьоркьохъеб. Жалго бетIергьанаб мина базе гьезул рес рекъана заманаялдаса, лъимал кIудиял гIедал ва гьез гьеб бана шагьар бакьулъ. Кавсарица гIумру квешаб букIанилан абуларо, гьей чIухIула лъималаздаса ва ракI аваданго йикIуна.

Лъимал гьарулаго ва гьел гIезарулаго Кавсарица цебе ккараб хIалтIи гьабулаан, рокъоб камураб жо телардан. ТалихIалъ СССРалда хIалтIи камун чи хутIулароан. Гьелъулги буго захIматалъул 45 сонил стаж.

- Дица халичаби рессулаан, консервабазул заводалда, лесхозалда, колхозалъул хурзабахъ хIалтIулаан, тIадеги къватIал лъухьулаан, пастIаниб щиб-щибги гIезабулаан, гIи-боцIи, гIанкIаби хьихьулаан. КинабгIаги хIалтIи нахъчIвалеб букIинчIо ва хIалхьиги кьижидал гурони букIунароан дие. Радал лъимал рахъунаан, гьел хIадурун кванazарун школалде унаан ва дунги унаан хIалтIуде, - илан бицана Кавсар ХIайбуллаевнаялъ.

Кин жидехъа гьелгощинал лъимал гIезарун бажарарабали гьей жийгоги хIикмалъулей йиго гьанже. Гьелъ гьезие киназего тIадегIанаб лъай босизе ресги кьуна, лъикIаб гIумруги буго.

- Нижеца гьезие гьабурабги кьурабги гьанже цIикIкIинабун буссунебги буго. КIудиял ясал ругьун гьаруна рукъ тIубаялъе. Васаз магIишаталъе гьабулаан кумек. Кинабго букIана кинацаго цадахъ гьабулеб! Дир лъимал цоял-цояз къварилъиялда толароан. Гьанжеги гьединго рукIуна, чIухIдариги гьечIо… ЛъикIал лъимал гIезаруна дица. Амма нижеца – эбел-инсуца гьабураб бахIарчилъи бихьизабизе цонигиязухъа бажаричIо: лъимал гIемерал гьезул цонигиязул гьечIо. СССР биххаралдаса хисана заманги гIадамалги, - лъимал гьаризе регIараб хIал букIинчIо. РакIалда бугищ, 90 соназда кин лъимал гIемеразда тIад

релъанхъулел рукIаралали. Хадуб Россиялъул тIалъиялъ дагьабго хисизабуна иш «эбелалъулаб капиталги» хIалтIизабун.

* * *

Кавсарилги ГIабдусамедилги киналго лъимал руго гIадамаз хIурмат гьабулел, росулъ гурелги жал рагIарал, республикаялъеги улкаялъеги пайдаялда, киназего хIажатал: лъай кьеялда, медицинаялда, рагъулал ишазда хIалтIулел. Кавсар ГIашуровалъ бицухъе, - лъимал руго гьелъул бищунго кIудияб щапакъатги, рохелги, рокьиги.

- Нижеца тарбия кьуна ичIго ясалъе ва лъабго васасе. Киналго гьел руго тIадегIанаб лъайги щварал, бажариги бугел гIадамал, гIемерисел рахърахъалде ана хIанчIазул тIанчIи гIадин. Асият Гъизляралде ккана рос-рукъалде, Эльмира – экономист, Курскиялда йиго хIалтIун гIумру гьабулей, Гульнара – бухгалтер Дербенталда хутIана, Нариманица Пермалда цIех- рехазулаб идараялда кIудияв следователасул хъулухъ гьабулеб буго, ва гьенирго руго нижер цогидал кIигоял васалги: ГIабдулхIамид, капитанасул чиналда УФСИНалъул хъулухъалдаса гIодов чIана ва гьитIинав АхIмадги рагъулаб хъулухъалда вуго. Альбинаги нижер ккола кIудияй следователь, Дербенталда йиго. Земфира МахIачхъалаялде ана. Тамила Рубасалда йиго, Марина хIалтIула Табасараналда мугIалимлъун. I980 соналъ, СССРалда олимпиада унеб мехалда нижее гьаюна яс. Гьединаб ишалъул хIурматалда нижеца гьелда цIарги Олимпиадаян лъуна.

- ГIемерал лъимал гьел ккола гIемерал кумекчагIиги, амма сонал индал цо-цо гIузрабиги раккун киналго гуро лъималазул гьарурал къоялги ракIалде щолел. Нижер хъизан буго миллатал журараб. Руго дурцаби ва нусаби гIурусалги, гьединго тумалги, аваралги, лезгиялги. Лъебералда щугоял гIуна лъималазул лъималги, амма гьелги нижее гIемерал гьечIо, - ян елъана Кавсар ГIашурова.

Щиб жо кколеб гIемерал лъималазул эбеллъун йикIин абун гьикъидал Кавсар ХIайбуллаевнаялъ гIемерал цогидазего гIадин жаваб кьуна: - Гьеб буго макьу гьечIел сардал, кидагосеб ургъел, лъугIел гьечIеб тIалаб, тIагIунареб рокьи, рекIел хинлъи. ГIемерал лъималазул тIалаб гьабизе гьай- гьай гIезегIанго захIмат буго дагъазул гьабиялдаса, амма гьединаб хъизаналда киналго масъалаби гIезегIнго бигьагоги тIурала: чIахIиял яцал- вацаз гIисиназул тIалабги хIажатаб кумекги гьабула. Гьединлъидал гIисинал лъимал гIезаризе эбел-инсуда хIал кколаро. КIудияб хъизаналда лъимал гIола жидецаго жалго тIуралел, хIалтIизе бокьулел, цогидазе кумекалъе ратулел, ракI жубарал, къарумлъи барахщи лъаларел ва гIемерал цогидалги лъикIал гIамалал ругеллъун. Гьединаб хъизаналъе кидаго цадахъ къваригIуна эбел, гьелда бараблъун букIуна гьезул тарбияги, рукIа- рахъинги, - абуна Кавсар ХIайбуллаевнаялъ.

Исана ГIашуроваз кIодо гьабулеб буго 55 соналъ цадахъ гIумру тIами, ай изумрудалъулаб бертин. Кавсарица бицана жидеца киналго юбилеял гьарулаанила. 55 сонилаб цIадахъаб гIумруялъул гIаламатго гIадинаб къиматаб буго гьезул ригьинги гIумруги. Рос-лъадул гьоркьоблъиги кидаго хинаб ва рагIи дандеккараб букIанила. Гьеб бихьулеб буго цадахъ бараб заманаялъулъги. Щулияб хъизан гьечIебани гьелгощинал сонал цадахъ разе рес букIинароан. ГанчIилаб хъалалъун лъугьун буго гьезул хъизан ва гьезда рухIдаллъизеги бегьула.

РакI аваданай ва разияй Кавсарица дагьавго рагIдукье ккезавулев вуго калам дагьав ва ургъун киналъухъго валагьулев ГIабдуселим.

Унго-унгоги кидагIаги дагIбадичIого хутIанадайха гьал гIумруялъ.

- Дица байбихьула кидаго дагIба. Киналго руччабаз гIадин тIалаб гьабула росасухъа гIарацги, нигIматалги, кумекги. Амма кIудияб дагIба нижеда гьоркьоб кидагIаги букIинчIо. Дие рос кидаго ватула хIажаталъувги кумекалъеги, - абун гьимана гьей, дие жаваб гьабулаго.

ТалихIай эбел, кIодоэбел, гьелъулги эбелалъ чIухIигун бицунеб буго маялдаса сентябралде щвезегIан жидер рокъоса камулярила отпускаялъ рачIарал лъималги гьезулги лъималги. Херал эбел-инсухъе щвечIого ва къоял рачIого цонигиял чIоларила. Гьединго лъимал яцал-вацазухъеги щолила тIаде-гьоркье ва Каспий ральдалги хинаб салиялъулги кеп босичIогоги гьел руссунарила рокъоре.

***Эбелалъулги гражданиналъулги борч ракIбацIцIадго тIубазабурай , гIадамазе пайдаял ва жалго чIухIарал лъимал гIезарурай чIужугIадан хIисабалда Кавсар ГIашуровалъ киналго дагъистаниязе ва хасго руччабазе гьарана щулияб сахлъиги, эбелалъул ва чIужугIаданалъулаб талихIги.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# Сулейман СТАЛЬСКИЙ



Дагъистаналъул литератураялда гьаб кIиябго цIаралъул буго щулияб бухьен, буго жалго гьел батIи-батIияб заманаялъул гIадамал рукIаниги.
Эфенди Капиевас «рагьана» ва рагIизавуна гIадамазда лезгиязул шагIир (Максим Горькияс XX гIасруялъул Гомерилан жинда абурав) Сулейман Стальский. 1934 соналдаса байбихьун 1937 соналде щвезегIан, шагIир хвезегIан Эфенди Капиев гьевгун дандчIвалаан Ашага-Сталалда, вукIана гьесул творческияб хIалтIулъ кумекчилъун, гIурус мацIалде руссинаруна гьесул кучIдулги поэмабиги ва гьел басмаялдаги рахъана. Стальскияс бицун, гьес хъвана тIоцебе шагIирасул хIакъалъулъ макъалаги.

## БЕГАВУЛАСДЕ

Гьаб росулъ халкъалъе рахIат ккеларо,
РачIа, нилъ рихххизин, рехxун гьабги тун.
Цо санагIат бугеб бакI камиларо,
РигьтIа росу рехxун, рахъинин гочун.

Нужеца гIарщуналъ кин борцаниги,
Я авал, я ахир гьаниб ккеларо.
Нужейго нух бате, щибжо гьабунги,
ЖамагIат гьаниб чIун бажариларо.

Ле, гьал хъахIал мугжул, нуж данделъула,
ЧIумалги тIилалги кодор хIалтIула.
ГIорхъи тун халкъалда зулму гьабула,
Щай мискинзабазе зазлъун ругел чIун?

Нижей гьав бегавул захIмалъун вуго,
Зулму-хIал халкъалда цIакъ бакIлъун буго.
КIиго кепкихъ ас ниж ричизе руго, -
КигIан намус гьечIев чи вугев вижун.

Ас живго жинцаго чийилан тола,
Чияда аскIов ав хIалихьат ккола.
Ахир ас ричун нилъ учузго кьела, -
Бихьулищ тIилилав тIаде вуго ккун.

Гьасдасан щибниги пайда щвеларо,
Гьабулеб-толеб жо лъазе кIоларо.
Сулейманил къуват данде чIоларо,
Щиб дуца гьабулеб, гьавги тIад вукIун.

## ИХДАЛИЛ КУЧIДУЛ

Дунялалъул цIилъи гьайбатаб буго,
Гьанже киса-кибго их рещтIун буго.
Булбул хIанчIил кучIдул рагIула гIинда,
Рохел аваданлъи рагIула сверухъ.

ТIугьдузулъ росарал цIиял нухал ккун,
Нилъ цереса цере къокъунел руго.
ТIагIана ракъиги гьардухъанлъиги,
Гьанже мискинчиги бечелъун вуго.

ГIадамазда хъвазе, цIализе лъана,
Гьезул кверзукь щибаб хIалтIи гьалдола.
Нилъей къо гвангъула Москваялдасан,
ТIолго улкаялъул халкъазе гIадин.

Дица улкаялъул гIумруялъулъан
РекIел бацIцIалъилъун босила цебе
КIудияв Ленинил ритIухъаб рагIи,
Халкъалде гьабураб гьесул васигат.

## ВАТIАНАЛДЕ

Улкаялъул халкъал гIагар гьарураб,
Гьезие рохелги талихIги кьураб,
ТIолго гIасрабазул анищги хьулги
Дулъ бессун гвангъана, гIагараб ВатIан.

РакI бухIизе ккараб цохIо жо буго, -
ЦIияб ва гьайбатаб гьаб рокъове дун
ВачIана цIакъ кватIун, херлъараб мехалъ,
Ва ахIана дагьго, дур рахъалъ, ВатIан.

Амма нуж дир лъимал, дир ирс кодосел,
Дун тIубан хIалхьуде араб мехалда,
Дица нужей тела даим талихIаб,
Дие канлъи кьураб гIагараб ВатIан.

БецIаб гIумруялда гIадамаз веказ
Гьабураб хиялги, къасдги, анищги
Гьаниб кьела нужой бокьараб мехалъ
ГIагараб хирияб эбел – ВатIаналъ.

Эркенаб захIматги рахIмат-хIалхьиги, -
Гьаниб гIадаб гIумру кибниги гьечIо.
Биччанте парпазе дунялалда тIад
Дур чIухIараб байрахъ, гIагараб ВатIан.

# Эффенди КАПИЕВ



1940 сональ Капиевас рагIалде бахъинабуна, гIемерал соназ Сулейман Стальскиясул хIакъалъулъ хъвараб, «Поэт» абураб тIехь. Гьенив живго автор вуго ХIабибил цIаралда, шагIиргун гара-чIварулев. Гьебго сональ Москваялда къватIибе биччана «ГанчIида накъищ» абураб, магIарул шагIирзабазул кIалзулаб поэзиялъул хIакъалъулъ тIехьги. Исана республикаялъ кIодо гьабулеб буго кIиго юбилей: захIматхалкъалъул гIумруялъул хIакъалъулъ кучIдул хъварав, гьезул захIматаб къисматалъул хIакъалъулъ кучIдул хъван машгьурлъарав Сулейман Стальский гьавуралдаса 150 сон, ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул гIуцIи рагьарав хъвадарухъан, рагъулав мухбир Эфенди Капиев гьавуралдаса 110 сон тIубай. Гьесул творчествоялъул, фронталдаса хъвай-хъвагIаязул хIакъалъулъ В. Вишневскияс абуна: «Гьеб буго тIадегIанаб ва къвакIарав чияс бицараб битIараб хабар».

## Фронталдаса кагътал

Жакъа хъвараб цохIо битIараб мухъ цо заманаялдасан гIемерал тIахьаздаса къиматаб букIине буго.

* * *

Рагъалъ киналго балъголъаби рагьула. Гулбуца риххула жидеда нахъа балъголъаби рахчарал къадал, цIаялъ бухIула гьелда тIад чIараб гъат, гьороца хъамула гьеб бахчараб хIур ва гьеб рагьун цебе лъола: гьале гьеб ралагье! Рагъул корониб кинабго бихьулеб букIуна.

Ракь. Реххулел бомбаби. Ракьалда кIаркьенги цвизабун чIун вуго. РагIулеб буго кодоб цо жужудулеб жо букIин. Ромашка ва гьелда тIад цIунцIра. Нилъерал, гIурусал! Нилъерал руго нилъ гьезие гIагарал ккола. Гьез нилъ къватIир кьоларо…

* * *

Рагъул майданалда тIад боржанхъулеб буго ихдалхIинчI. Гьеб буго зобалдаги рагъулаб цIаялъ бухIун чIегIерлъараб ракьалдаги гьоркьоб, гьеб хутIун буго сверухълъиялдаго чIаголъиялъул гIаламатлъун. Цо хутIарав лъукъарав (цогидал киналго хвана), магIил цIурал бералгун гIенеккун вуго гьелъ ахIулеб кочIохъ ва ракIалде кколаан хварал ралагьун чIун ругин гьелъул кочIохъ гIенеккизелъун

* * *

Реххулел бомбабазда гьоркь лъимер гьабулеб бугоан цоялъ. АхIдолей рагIун, лъукъун ятилилан ракIалдеги ккун сверун ракIарарал гIадамазда гьелъ абуна:

\- Нахъе а гьаниса! Дун лъукъун гьечIо, лъимер гьабулей йиго!

Сверухъ рукIаразул релъи-хъуй бахъана.

\- Гьурра! – ян ахIана цояз.

\- ЧIахъа гIумру!!, - илан цогидаз.

* * *

Къвалакье бахунеб гIаздалъ эхетун рукIана гIадамал цIулалаб майданалда. Гьел хун рукIана. Немцаз гьанире майданалдеги гъун, гьезда лъазабуна, конвоялъулал рачIинегIан, гьанисан ани чIвазе ругилан. Унеб букIана рагъ. Пулеб букIана къуватаб цIорораб гьури, балеб букIана гIазу, - гьоркьоса къотIичIого кьвагьулел рукIана гIарадаби. Гьедин майданалда эхетун рукIаралъурго цIорон хвана гIадамал. Гьел рахчана гIаздаца, гьеб гьурмадасаги биунеб букIинчIо, рекIун чIана. ГIадамал рукIана батIа-батIайиса эхетун.

* * *

Телефоналъул хIобода гьоркь вуго чIварав. Кварал тIун руго, хIуби гIицIго хутIун буго, росасул къаркъалаялде тIаде рас гьурщарай къоролай гIадин, гьороца кваралги хьвагIезарулаго.

* * *

Къвалакье бахунеб гIаздалъ эхетун рукIана гIадамал цIулалаб майданалда. Гьел хун рукIана. Немцаз гьанире майданалдеги гъун, гьезда лъазабуна, конвоялъулал рачIинегIан, гьанисан ани чIвазе ругилан. Унеб букIана рагъ. Пулеб букIана къуватаб цIорораб гьури, балеб букIана гIазу, - гьоркьоса къотIичIого кьвагьулел рукIана гIарадаби. Гьедин майданалда эхетун рукIаралъурго цIорон хвана гIадамал. Гьел рахчана гIаздаца, гьеб гьурмадасаги биунеб букIинчIо, рекIун чIана. ГIадамал рукIана батIа-батIайиса эхетун.

* * *

БагIари. Салул авлахъалда цохIо гIечул гъветI. Гьелда тIад бан най. Чамдай буго? Сверухъ бакъвараб гIалах. Наяз хъуялда цIункIулеб буго щибаб тIегь ва гьелъ лъугьинабун буго цо макъан.

* * *

Розаби тIегьан руго. БетIергьан гьечIо. Рукъ буго бухIун, ах буго гъурун. ЦохIого цо розаби руго хутIун букIараб магIишаталъулги ракълилаб гIумруялъулги. ХIанчIаца ахIулеб буго кечI. ГарцIал руго цIеркIелел. ТIадагьаб гьороца хьвагIезабулеб буго мина сверун бижараб ролъ

# Поэт

*Гуро, дуца кочIохъанасе гьукъизе бегьуларо,*
*Гьесул рекIелъ бижаралъул ахIизе.*

*ГОМЕР*

Сулейман жиндирго кIалтIа гIодов чIун вуго чухъадул маргъалалги рачIого, херас гIадин накабиги ккун. Гьесухъ кодоб буго гIанса. Гьеда цебе ракьул чIарбида кенчIелеб буго бакъул хинаб ункъбокIон ва толеб гьечIо гарачIварулев вихьизе.

- Мун вачIун вуго дихъе гьоболлъухъ ва гьабулеб буго дагIба, - ян абуна гьес гIодове виччан. – Сонги жакъаги цого жо бицунев вуго, - жибго те, хIухь бахъе, кинавали тохтурилан ккеларищ! Мунги шагIирлъидалха, ва бичIчIизе ккеларищ: чу ани – гIурчинаб гIалах, бахIарчи ани – гьесул цIар хутIулелъи. Гьеб кидаго букIунеб жоги гуро, рекIараб цIаго гIадин гьебги чIечIого цIулги лъун кквезе ккола, гурони ссун уна ва гвангъиги дагьлъула. Дун жеги чIаго вугелъул, щай дуца дида пиша тезабулеб бугеб? Те, ХIабиб!

- ШагIир цIуна-къан вукIине ккелаха. Мун унтун вугелъул.

- ШагIир вукIине ккола сахаватав, булбул гIадинав. Дун унтун гьечIо.

- Амма ракI гамачI гуроха, Сулейман! ЧIечIого цIа рекIинабизе бегьуларо гьелдаса.

- ГIенеккея, ХIабиб, дида гьедин кколаро. Бихьарабщиналъул бакIлъи дир рекIелъ чIегIераб цIибиллъун чIун буго. Гьеб беччарилеб буго полпихун ва дун гIодове къуларавго гьелъул махIалъ дир би гьалдезабула. ГьебгIаги гIоларищ дуе?

- Гьебали гIела. Амма цIибил ахирги беччун лъугIила ва махIалги тIагIина гIумрудул ахиралда инсанасул рекIелъ кьогIаб тIагIам хутIила. Дида лъаларо гьеб мехалда щиб шагIирас гьабилебали?

- ШагIирги хола, - ян абуна Сулейманица ракIхун гIадин. – Щай мун дунгун бичIчIулареб хIалалъ кIалъалев вугев? Мун дир гьудуллъидал, тушман гуро, - абурабани битIахъе: заман щвечIодай дуе вуцIцIун чIезе? Дур бакIалда цогидал церего бокIнилъ къан руго, мунин абуни басрияб гьобо сверулев хутIун вуго! – ян.

Сулейманица циндаго гIатIидго рагьана берал ва, гIансаги гIодоб тункун, ахIун абуна:

- Гьедин дуца абурабани ХIабиб лъикI букIинаан!

Гьев тIадеги вахъун кIалтIаса рагIдукьехун ана. Гьенив къандалъоялда тIад гIодов чIана ва дагьаб заманаялъ гIенеккун вукIана

- Дир рекIелъ кьогIлъи бугиланищха, ХIабиб дуда кколеб, - илан абуна гьес гъоркьанги валагьун, амма рекIелъ щибго гьечIого. Ва, дица жаваб кьезегIанги чIечIого квер хьвагIизе лъугьана:

- Дунялалда гIемерал хIикматал руго, гьай-гьай, дудаги кинабго лъаларо. ШагIирал батIи-батIиял рукIуна. Щадалъ ракь цого хIалалъ лъалъала, амма салул авлахъалда щибго бижуларо, я хер, я тIегь.

Салул авлахъалъул бицинаро. Гьеб гьадингосеб хвараб бакI буго, Сулейман!

Салул авлахъ – гьеб салул гIалах буго, гIолилав. Хвараб жо цIорораб букIуна гIалахин абуни чанги чIагоялдасаги цIикIкIун багIарула ва гьенир борхьалги рукIуна. РакIалда ккве салул авлахъ херлъиялдасаги квешаб буго. Гьеб ккола унти, кьаву, рухIалъул хIал дагълъи, дунялалдаса ракI буссин!

- Амма гIолохъанлъи, гIадат хIисабалда хIасил кьолеблъун букIунаха!

Сулейманица, гьеб битIараб гьечIилан бетIер кIобокIана ва, дагьалъги ургъулаго гIанса, гьетIараб рагIалги бан гъажалда дализабуна. Гьелъул магIна кколаан гьес жаваб кIвар кьун ва ургъун гьабизе бугин абураб. Гьединаб лахIзаталъ дун сихIги тун чIолаан, гьес абулеб жо лъугIизегIан.

Бакъул квадрат, бигьаго унаго рукъалъул бокIнилъе щвана ва халичаялде тIаде ккана. Сулейманица гIодов виччан бицунеб букIана, мехмехалда дагьавго кьурун ва гIансаги кодоса биччачIого. Беразулъ бихьулаан парахалъи ва зама-заманаялдасан пашманлъиги загьирлъулеб букIунаан.

- Мун гIенеккея, ХIабиб! Бицунес хьала, гIенеккарас бакIарула. Дица дуе бицина щай дун ракI чIобоголъиялдаса хIинкъуларевали ва щай свакаларевали. ГIолохъанлъи лъикI, амма гIицIго цо гIолохъанлъиялъ гьабулеб жо букIунаро. Дуда лъай: унго-унгояв хъвадарухъанасул ракI тIегьазе ккола ах гIадин. ЛъикIал рагIабиги рижула рорхатал гьутIбузда, гьел гьутIбийин абуни гIезаризе ккола. ШагIир ккола хIалбихьиги гIурав ракIги гIолохъанав чи. Гьесул рокьи букIине ккола сахаватаб ва риидал бакъ гIадин хинаб (гъотIол гIаркьалаби бакъукь), гьесул рокьукълъи букIине ккола гьалагаб гIор гIадаб (ах лъалъала лъеца). Гьедин гьечIони гIумру бечIала ва рекIел ахги кватIичIого салул авлахъалде сверула.

ГIолохъанаб мехалдаго рагIун букIана дида унго-унгояб рокьиги, бацIцIадаб рокьукълъиги, кIиго кваркьи гIадинал жал ругин ва гьел гьечIого роржине бажаруларин. Кваркьаби щулиял ругелгIан эхеде бахуна цIум. «Воржа!» - ян абулаан дида дир мугIалимзабаз.

- Киданиги кинабгIаги ракIхвей тIаса лъугьун тушманасеги тоге, толеб бугони щибаб гьединаб тIаса лъугьингун кваркьидул цо хIули бортула ва роржин гIодобе ккола. Киналго бахIарзал лучнул ратани шагIир вукIине ккола цIумлъун: воржа, кваркьалаби рагье ва хьвагIе гьел кIовухъе гIатIидго». Гьанже дицаги абула гьединго гьирашавкъалъул хIакъалъулъ гьикъани: «Воржа!». Гьеб буго кечI жиндаса байбихьулеб закон…

**Э. КАПИЕВ.**
**ТIехьалдаса бутIа**







# МОХIОСА БУЛАЧ

МохIоса гьаб машгьураб хъизаналъ Дагъистаналъе кьуна цохIо Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIажиев гуревги, Дагъистаналъул тIоцевесев контрадмирал Альбертги, тIоцересезул цояв агроном Абакарги, Дагъистаналда альпинизмаялъул спорталъул тIоцевесев мастер Къурбанги ва жив киназего хирияв ва кIочонарев Дагъистаналъул тIоцевесев Халкъияв бахIарчи Булачги.

ГIажаибаб хъизан, хIикматал гIадамал – гвангъарал, мустахIикъал, бахIарчиял ва рацIцIадал. Гьезул хIакъалъулъ цIалулелъул ракIалде ккола киндай гьединаб гьоркьоблъи лъугьуна эбел-инсудаги лъималаздаги ва жалго лъималаздаги гьоркьобилан, гьезул щивав вуго цогидазул камураб жиндилъ бугев, цадахъго росани гьел ккола биххулареб цолъи.

Булач ХIажиев… Свак лъаларев захIматчи, гьесул хIаракаталъ рес кьуна Дагъистаналъул цебехун букIараб тарихги суратги цIунизе, гIадамалги культураги кидаго кIочонареблъун гьабизе.

«Маргъабазул ва биценазул улкаялда» абураб передача хиси гьечIого 40 соналъ бачарав гьесул кIудияб къадру-къиматги букIана. Историк ва гIагараб ракь хирияв чи хIисабалда гьев вукIана кутакалда хабар гьуинав ва магIнаялда бицунев чиги. ГIадатияб мацIалъ, божуледухъ бикьулаан гьес жинда лъалебщинаб халкъалъе, живго гIахьаллъаравгIанги ракIчIун бицунаан церегоселги лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ ва гьедин гIенеккаралги гIахьал гьарулаан.

Сапарал, тIабигIаталде рахъин, тарихиял бакIазул цIех-рех гьаби букIана гьесул республикаялъул историялъул ва этнографиялъул хазина бакIариялъе хIалтIизабулеб къагIида, гьедин данде гьабуна гIемераб материал, ракIана гIелмиял хIалтIаби, хъвана тIахьал, гьаруна телепередачаби, бицана гIемераб ва гьедин Булач Имамутдинович ХIажиев ккана кидаго ракIалдаса унаревлъун. Гьес къураб лъай къиматаблъун буго.

ШАПАКЪАТАЛ
Дагъистаналъул мустахIикъав учитель
РСФСРалъул мустахIикъав учитель
СССРалъул халкъияв учитель
РСФСРалъул, Н. К. Крупскаялъул цIаралда бугеб, Пачалихъалъулаб премия
С. Стальскиясул премиялъул лауреат
Ленинил орден
«ХIурматалъул гIаламат» орден
Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи
«Шамилил месedил медаль» - меседил кIудияб «Имам Шамиль» медаль
«ВатIанияб рагъул 2 абилеб степеналъул» Орден
«Буйнакск шагьаралъул хIурматияв гражданин»
Восун вуго Буйнакск шагьаралъул «ЗахIматалъе рецц» тIехьалде.
«Германиялда тIад бергьенлъи босаралъухъ» медаль

ХIАЛТIАБИ
«Дагъистан тарихазулъ ва маргъабазулъ»
«Дагъистаналъул мугIрузде каву»
«Сала-Тау мегIералда цере»
«Дагъистаналда М. Ю. Лермонтовасул лъалкIда хадур»
«Дагъистаналъул мугIрузул асирал»
«Щивасул букIана жиндирго рагъ»
«Дун – учитель»
«ИсмагIил мегIералъул рагIалда»
«Гендерил щобда цере»
«Имам Шамиль: Генуса Мадинаялде щвезегIан»
«Дагъистаналъул ясал»
«Буйнакск тарихалъулги маргъабазулъги»
«ХIажи-Мурад тарихалъулъ ва маргъабазулъ»
«Дагъистаналъул хIакъалъулъ ургъарал харбал»
«Салатауялъул ахада»
«Гъунибе нух»
«Пачаясул офицерал Дагъистаналда»
«Учителасул сухъмахъалда»
«АхIулгохI»
«Полякал Дагъистаналда»



*Булач ХIАЖИЕВ*

# ХУНА РОСУЛЪА ЖАННА Д'АРК

Лак районалъул центр Кулиялдаса югалъулаб бакъбаккудехун унаго, ГIарччута росулъе щвелалде батула гьакил нух къотIун чвахулеб гьитIинабго лъар. Гьеб бакIалда цIар лъун буго Партувалил рат абун.

Нусиялда кIикъоялда анцIго соналдаса цебеккун Агалар-ханасул нукераз йикъун йикIун йиго Хуна росулъа, Парту абун цIар бугей цIакъго берцинай яс. Кумухалда гьелъухъ балагьун букIана сордоги ханасулгун дандчIвайги. Парту, Агалар-ханасе рикъаразул, тIоцеесей гуро йикIарай. Ясалъ гьарула жий рагьиде лъугьине тейилан ва гьениса, хъаравулзаби тохлъаралго, лъутун уна.

ГIорухъе екерун уней Парту йихьаразда ракIалде ккана гьей гьение кIанцIизе йигилан, амма Парту ана цIулал кьоги бахун ва тIоцебесеб сверуда нахъа яхчана. Гьеб мехалда ханасул кIалгIаялдаса ахIуд рахъана. Нукаразда лъалеб букIана гIолилай тIадюссинайичIони жидер бутIрул къотIулеллъи.

Хуна росулъе щолеб бакIалда гьел ясалда хадур гIунтIана, ккевезеги ккун гьез гьей юхьун къакъана ва бищунго къуватав нукарасул кьолода цее лъуна. Парту къеркьолей йикIана: теркIана, хIанчIезе ва кьабгIезе хIал бихьана. Гьеб мехалда нукараз гьей рекIарасда нахъехун юхьана. Гьений гьей чIезайизе бажаричIо, жиндихъего щвараб ханжаралъ гьелъ жинда кIалал гьикъулев вукIарав нукар чIван рехана. Гьеб параялъ жийгоги чодаса гъоркье йортана. Нукараз гьелдаса вахIшиго рецIел босана.

Долдаса нахъе гьеб бакIалда гIадамаз абула Партувалил рат – Рарул лъарилан. Нухлулал гьенир лъалхъула цо минуталъ ва яс чодаса йортараб бакIалда чIимих лъола.

Добго Хуна росулъ, гьаб лъугьа-бахъин ккелалде 450 соналъ цеехунги йикIанила цойги Парту абун цIар бугей яс. Гьелъул хIакъалъулъин революционер Гьарун СагIидовас хъван букIараб: «Тумазулги йиго жидерго Жанна д Арк – Парту ПатIима, кидаялиго жиндир гIагараб ракь монголалгун – татаразда цIунарай. Гьелъул бахIарчилъиялъе нугIлъи гьабулеб хъвай-хъвагIай буго хабал зонодаги. Гьенире гIемерал рачIуна риидал гIадамал, гIемерисел руччаби ва гьей рикIкIуна Аллагьасе хирияйлъун».

I395 соналъ гьоркьохъеб Азиялъул бодул цевехъан Тамирлан хвалчада цIагун вачIана гьаниве, Севериябо Кавказалдасан ана гьев Меседилаб Ордаялъул аскарал гъуризе. Дагъистаналде щведал лъим гьечIеб гIалахалде ккарав гьес бухъизабуна гъваридаб артизан ва гьелда цIарги буго Темиргое – Темурил хIавуз. Хадув, Чиркеялда гъоркьехун Сулахъ гIорги бахун, гьес Салатавия бахъизе аскарал ритIана, хIилла-макруялъ квегъана Къадар, мутIигI гьабуна Кули, жеги чанго, даргиназул рахъалдехун кколеб росу-ракь, гьединго ЦIадахIаривеги ва гIагарлъана тумазул ракьалде. ХIинкъи цIакъго цIикIкIунеб букIана. Гьеб букIана I396 сон. МагIарулал хIадурлъулел рукIана рагъизе. Хунаялъул мажгиталда нахъа букIана гьел квераз хвалчабазда хунжрузда цогидалдаги рагъизе ругьун гьарулеб бакI.

Гьенисан гъажалда гIеретIгун лъадаса юссун ячIуней йикIана Парту ПатIима.

Бихьиназе саламги, гьекъезе лъимги кьолаго ясалъ гьарана жийги тейин гьунар бихьизабизеян. ГIолохъаби гIажаиблъана ва гьезул цояс абуна:

«Унго-унгоябищ, ПатIима, дуца бицунеб хабар? Щайзе релъизарулел гIолохъаби дудаго тIад?

Квеш букIинчIо гIолилалда гьел рагIабиги, абуна кьейила жиндихъе дамасскаялъул хвалченги, чуги, шлемгун кольчугаги.

Гьединги абун Парту ПатIимаца гIеретI гъажалда лъуна ва нахъехунги ялагьичIого рокъое ана.

Чанго минуталдаса гьениве вачIана лебалав рекIарав. Гьей йикIана Парту. Гьей ячIана дов жинде калам гьабурав гIолиласде аскIое ва абуна жийгун вагъизе вахъаян. Гьезул чуязул пинхъей ва теркIей байбихьана, гьезда бихьана рагъизе рукIин. КIиго нартав гIадин ана гьел цоцазде данде. КIиго нухалъ гIолилас гьелда кьабуна, амма цонигияб лъикI щвечIо. Ирга букIана Партул, ва гIолиласул хвалчен гIодобе бортана. Гьев нечон багIар-



лъана, гьардезе лъугьана жиндир махсаро тIаса лъугьун теян. Амма Партуца гьесие жаваб гьабуна:

*Мадугьалав гIолилав, гьарулеб буго дица,*
*Араб таралъул бицун гьикъуге дида кIалал,*
*Гьадинги ккола чанги, - божа гьанже мун дида, -*
*БацIида хIамицаги хIинкъидал балебин мал.*

*Къецалъ яхъунагойин абуни гьелда ракIалда букIана* АхIмад жиндаса бергьани киназдаго цебе гьеседа къочизе, амма гьединаб бахIарчилъи Партул гIезе букIарабищали лъаларо, ва АхIмадилги гIечIо гьелъие таваккал.

Амма гьелдаса АхIмадил Партухъ рокьи ккана. Амма тIаде бачIана Тимур гIагарлъулев вугилан абураб хабар. БахIарзал Кумухалде ракIарана. Гьел нуха регIизе росуго бахъана. РекIаралгун йикIана Парту ПатIимаги.

Гьабго кинаб хIикмат: ясалда хадуб бачIунеб буго къокъа. Тимурида рагIидал гьев велъана:

*«Дунялалда рагIана квешаб ахIи буго дир*
*Ккуна дица пачаял, рахъана гьезул ракьал,*
*Амма гьаниб тIоцебе бихьулеб буго берда*
*Ясалда хадуб лъугьун багъизе бачIунеб тIел».*

КIиго къуват цоцалъ тункидал зобал гьаргьадана, ракьалда щущана бахIарзазул бутIрул, бухIараб биялъ лъалъана ракь.

Тушбаби тIоцере риха-хочана. Тимурида гьединаб дандечIей кибго бихьун букIинчIо. ЦIидасанги тункана магIарулал тушмангун ва хIукму гьабуна кIиябго рахъалдасан бищунго къуватал цере рахъинаризе. Дандиязул рахъалдаса цеве вачIана Тугай, магIарулазул рахъалдаса цеве вахъана Парту ПатIимал вокьулев АхIмад
*Къуватав Тугайица хьвагIун кьабгIун биччараб*
*Хвалчаца АхIмад гьенив хъвалхьун гIодов рехана.*
*ГьебгихIехьечIого ПатIима хвалченгун Тугайиде йортана.*
*Тугайица гьанжеги хьвагIизехъин букIана*
*Гьелде данде ясалъул гьетIараб битIун ккана,*
*Гьелъ цоцIул кьабун щвана, кIиабизеги ана -*
*Ва тушман гьелда цеве бетIер гьечIого ккана...*

Партуде данде вахъана Тугайил вац. Ццин бахъана ясалъул. ТIад лъураб шлемалда жиндир риццатал гъалалги жемун, гьелъ гъуждул гурана:

*Кваранисa хьвагIун – тушманасул бетIер ун,*
*КвегIисахун хьвагIун – чу бакьулъа къотIун*

Тимур лъутана.

ГIолилалъул буюрухъалда рекъон ракIарана чIваразул жаназаби ва АхIмадил къаркъалаги бачIана. Парту ПатIима гьелда цее гIодойги ккун гIодана. Гьедин рокъоре руссана рагъухъаби ва гьезда дандчIвай гьабуна росдал гIадамаз, гьез рецц гьабун баркала кьуна багьадурай ясалъеги.

Гьедин букIана.

Гьелдаса нус-нус сонал ана, амма гIадамазда кIоченчIо жидер бахIарзал. I938 соналъ, 90 сон барай Д. Хайдаковалъ бицун хъвана нилъер ракь тушманасдаса хвасар гьабурай бахIарчияй рагъухъаналъул хIакъалъулъ, гьей данде ккуна Франказул бахIарчияй яс Жанна д Аркиде ва гьелъул хоб лъугьана хирияб бакIлъун, гьелъул бахIарчилъиги букIина кIочонареблъун.



# Лъимал, хал гьабе кинан бихьулеб нужеда дунялали?



Поле – авлахъ



Солнце - бакъ



Дорога – нух



Небо - зоб



Лес – рохь



Водопад - чваххи



Горы – мугIрул



Роща – гьитIинаб рохь

# Журнал в журнале



Фото Андроника Мурадова. г. Дербент



Иса КАПАЕВ

# Сказка о деревянной кукле Тайтериш

*Ногайская народная сказка*

* * *

Я часто играл со своей куклой в эту сказку. Придерживая рукой, рассказывал ей историю о деревянной кукле Тайтериш и изображал, как она уходит от своих сестёр-кукол. Сам же я был то пастухом, то табунщиком и, меняя голоса, говорил и за них, и за Тайтериш. Самой любимой была сцена встречи с мышами. Я визжал, пищал, как мыши, перебирал пальцами по полу, изображая, как они бегают, как прячутся в норы. Мать и бабушка посматривали на меня исподтишка и смеялись, а отец, как всегда, ругался из-за куклы и грозился отобрать её у меня.

Давным-давно жили десять кукол-сестёр. Жили они дружно и весело. Самая старшая готовила для всех кушанья и старалась накормить сестрёнок повкусней и получше. Одну из кукол звали Тайтериш. Это была самая красивая, самая чистенькая и самая гордая кукла. У нее был самый белый тастар и самое нарядное платьице. И Тайтериш очень дорожила ими, все боялась запачкать. Поэтому она не любила есть жирное мясо, опасаясь, как бы пятнышко на свой тастар не посадить. Садятся, бывало, куклы обедать, Тайтериш лучшие кусочки подкладывают, а она увидит жирное мясо, губки надует, обидится и встанет из-за стола. Однажды сёстры решили подшутить над Тайтериш и подсунули ей самый жирный кусок. Очень обиделась Тайтериш, а куклы смеются над ней, подшучивают.

Рассердилась Тайтериш и сказала, что уйдёт от них, поищет настоящих подруг.

– Вернись! Вернись! – звали её куклы.

Но Тайтериш даже не обернулась.

Шла она, шла – и повстречала пастуха со стадом коров. На пастухе черкеска, на голове папаха, в руках ярлыга, в зубах люля.

– Деревянная кукла Тайтериш, куда идёшь? – спрашивает пастух.

– К тебе иду! – отвечает Тайтериш.

– Если ко мне идёшь, я для тебя самую жирную корову зарежу, – говорит пастух.

– Айгай! – испугалась деревянная кукла. – Тогда мой бе-

лый тастар запачкается. Не стану у тебя гостить.

Ушла деревянная кукла Тайтериш. Идет по полю, цветы собирает.

Встретила пастуха, который телят пас. Красивый пастух, бешмет красивый, и чувяки красивые.

– Куда идешь, деревянная кукла Тайтериш? – спрашивает пастух.

– К тебе иду! – отвечает Тайтериш.

– Если ко мне, то вот этого жирного теленка для тебя зарежу. Переночуешь, а потом, если захочешь, уйдёшь!

– Айгай! Жирного телёнка! Тогда мой тастар запачкается, – отвечает деревянная кукла Тайтериш.

Смотрит она на пастуха, любуется его красивыми чувяками, смотрит на свои босые ноги…

И уходит.

Идет дальше, собирает цветы в горах.

Повстречался ей табунщик. На коне, в бурке.

– Интересно! Куда это направляется деревянная кукла Тайтериш?

– К тебе иду! – отвечает Тайтериш.

– Если ко мне, милости прошу, красавица Тайтериш. Я тебе самую упитанную кабылицу зарежу. Услыхала эти слова Тайтериш, надула губы.

– Айгай! Тогда мой тастар запачкается!

Повернулась и ушла от него деревянная кукла Тайтериш. А табунщик хохочет ей вслед.

Идет Тайтериш куда глаза глядят, цветы собирает. На многие горы взбирается, со многих спускается. Приходит к полуразвалившемуся амбару, что одиноко стоит в поле. Вокруг амбара мыши бегают, оставшиеся с осени зерна пшеницы ищут. Увидели куклу, обрадовались, закричали в один голос:

– Деревянная кукла Тайтериш, куда идёшь?

– К вам иду, – отвечает Тайтериш.

– Раз пришла, милости просим. Есть у нас постное мясо, вот мы тебя и угостим, – говорят мыши.

Услышала деревянная кукла Тайтериш про постное мясо, обрадовалась.

Наступил вечер. Поджарили мыши мясо, садятся за стол. Сами едят и Тайтериш угощают. Ночь наступила – спать легли. И Тайтериш раздевается, с ними ложится… Просыпается она утром, а ее одежды на месте нет. Осталась деревянная кукла Тайтериш в чем мать родила.

– Где моя одежда? – спрашивает она.

– Вчерашнее мясо плохое было, а ночью мы проголодались и, чтобы с голоду не умереть, съели твою одежду. Вот и насытились, – ответили в один голос мыши.

Заплакала Тайтериш и ушла. А мыши кричат ей вслед:

– Деревянная кукла Тайтериш, сходишь домой, возьмешь новую одежду – и снова к нам в гости приходи!

С тех пор деревянная кукла Тайтериш перестала капризничать, ела всё, что ей подавали: и жирное, и постное; никогда не болела.



# РИС ВО ВСЕМ СВОЕМ МНОГООБРАЗИИ

**Длиннозерный рис**
Самый распространенный вид риса, употребляемый для пловов, гарниров и десертов. Самые лучшие сорта – басмати, выращиваемый у подножия Гималаев на севере Индии и в некоторых районах Пакистана, и жасмин, выращиваемый в Таиланде. Время приготовления – 20 минут.



**Круглозерный рис**
Его иногда называют молочным, потому что именно этот сорт риса используют в первую очередь для приготовления каши. Круглозерный рис выращивают преимущественно в Италии, поэтому он встречается почти во всех средиземноморских блюдах от ризотто до супов. Благодаря большой «клейкости» этот рис используют для суши. Время варки – 20 минут.



**Дикий рис**
С точки зрения ботаника это совсем даже не рис, а многолетняя трава, выращиваемая в районе Великих североамериканских озер. Этот рис отличается большим количеством питательных веществ, витаминов и клетчатки и способствует понижению уровня холестерина. Зерна дикого риса очень жесткие, поэтому их следует замачивать в воде на несколько часов, а затем варить 45 минут.



**Коричневый рис**
Нешлифованный рис содержит значительно больше минеральных веществ и витаминов группы В. Его особенно часто применяют в диетическом питании. Время приготовления – 25 минут.



Один и тот же сорт риса, обработанный по-разному, имеет разный цвет, вкус, питательные свойства и время приготовления. По виду обработки рис разделяют на коричневый (минимальная обработка с сохранением большей части питательных веществ зерна), белый (шлифованный белоснежный рис – самый распространенный тип обработки) и пропаренный (специально обработанный паром в целях удержания витаминов и минералов в зерне, а не в отрубной оболочке).

**Коричневый рис**
В Азии коричневый рис употребляют в пищу в основном дети и старики, в то время как в Европе и Америке его ценят сторонники здорового образа жизни за повышенное содержание питательных веществ по сравнению с обычным рисом. Коричневый рис в процессе обработки сохраняет питательную отрубную оболочку, что объясняет его непривычный светло-коричневый цвет. Он намного полезнее, чем белый рис, так как львиная доля питательных веществ содержится именно в оболочке зерна. Правда, срок хранения такого риса сокращается из-за того, что на зернах остается маслосодержащая оболочка.

**Белый рис**
Это рис, прошедший все стадии шлифовки. Его зерна имеют гладкую и ровную поверхность, характерный белоснежный цвет и полупрозрачность, однако отдельные зерна могут быть и непрозрачными, потому что они содержат мельчайшие пузырьки воздуха. По содержанию витаминов и минералов белый рис проигрывает коричневому или пропаренному рису, однако именно он является основным типом риса, потребляемым во всем мире. Время приготовления такого риса 10–15 минут, а готовые блюда из белого риса обладают превосходными вкусом и внешним видом.

**Пропаренный рис**
Обработка паром – специальная технология повышения качественных характеристик риса. Необрушенный рис замачивают в воде, а затем обрабатывают горячим паром под давлением. Прошедшие эту процедуру зерна сушат и шлифуют, как обычный рис. После обработки зерна пропаренного риса приобретают янтарно-желтый оттенок и становятся полупрозрачными. Пропаренный рис имеет свои преимущества: при обработке паром до 80% витаминов и минералов, содержащихся в отрубной оболочке, переходит в зерно риса, а сами зерна становятся менее ломкими. Желтоватый оттенок пропаренного риса исчезает при готовке, и он становится таким же белоснежным, как и белый шлифованный рис. Однако время готовки пропаренного риса составляет 20–25 минут из-за того, что зерна после обработки становятся тверже и развариваются медленнее обычного риса. После варки зерна пропаренного риса никогда не слипаются, кроме того, он остается таким же вкусным и рассыпчатым даже после повторного разогрева блюда.



# АБРИКОСОВЫЙ ПИРОГ на противне

**НА 16 ПОРЦИЙ**

***Для теста:***

***300 г обезжиренного творога***
***100 г сахара***
***2 ч. л. тертой цедры лимона***
***150 мл подсолнечного масла***
***500 г муки***
***1 пакетик разрыхлителя***

***Для начинки:***

***1 лимон***
***300 мл сливок***
***4 яйца***
***2 пакетика ванильного сахара***
***40 г сахара***
***½ пакетика порошка для ванильного пудинга***
***1 большая банка абрикосов (850 мл)***

***Кроме того:***

***100 г пластинок миндаля***
***3 ст. л. сахарной пудры***

**ТЕСТО:**

1. Смешать в миске творог, сахар, цедру и подсолнечное масло. Смешать муку, разрыхлитель и ввести их в творожную массу с помощью миксера.

2. Посыпать мукой рабочую поверхность, раскатать на ней тесто по размеру противня (35х40 см) и выложить его на противень, смазанный жиром и слегка посыпанный мукой.

***Начинка***

Вымыть горячей водой лимон, обсушить его и натереть на терке цедру. Перемешать яйца, сливки, ванильный сахар, сахарный песок, порошок для ванильного пудинга и цедру лимона. Откинуть на сито абрикосы.

***Завершение***

Нанести на тесто глазурь и разровнять ее. Выложить на нее абрикосы выпуклой стороной вверх. Выпекать пирог в духовке 40 мин при 175 °С. Поджарить миндаль на сковороде с антипригарным покрытием до золотистого цвета, не добавляя жира. Посыпать им пирог и остудить его. Незадолго перед тем, как подавать на стол, посыпать его сахарной пудрой и разрезать на куски.

# СОВЕТЫ ХОЗЯЙКАМ

• При варке кожица картофеля не лопается, если в воду добавить несколько капель уксуса.

• Нельзя промывать квашеную капусту горячей водой, от этого ее пищевая ценность понижается.

• Квашеную капусту отжимают от рассола перед употреблением. В капусте без рассола очень быстро разрушается витамин С.

• Картофель будет вкуснее, если варить его в мясном бульоне.

• Картофельное пюре не следует разводить холодным молоком, так как оно приобретает некрасивый серый цвет. Картофельное пюре надо разводить только горячим молоком.

• Свекла и зеленый горошек, в отличие от других овощей, в соленой воде долго не развариваются, а свекла делается менее вкусной.

• Сваренные овощи не оставляют в отваре, так как витамины и минеральные соли, содержащиеся в овощах, переходят в отвар, а овощи становятся водянистыми и безвкусными.

• Витамин С разрушается, когда очищенные овощи долго хранят в воде; если нарезанные овощи варят не сразу; готовую пищу хранят свыше двух часов; пищу несколько раз подогревают; овощи варят в открытой посуде.

• Отварной картофель будет вкуснее, если при варке положить несколько зубчиков чеснока.

• У свежих и соленых огурцов кожуру срезают, если она жесткая, желтая или горькая.

• Чтобы не щипало глаза при резке репчатого лука, смачивайте нож в теплой воде.

• При жарении кусочки сырого картофеля не будут склеиваться и прилипать к сковороде, если их промыть холодной водой и обсушить.

• Чтобы руки не чернели, картофель и овощи чистите нержавеющим ножом.

• Ранняя капуста варится быстрее, поэтому в суп ее закладывают после картофеля.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?



**РАСКРАШЕННЫЕ ЯЙЦА** – украшение пасхального стола и лучший подарок на Пасху. Обычай этот возник давно. Еще древние египтяне и персы красили яйца и дарили их друг другу. Персы верили, что Земля вылупилась из яйца, и считали, что оно обладает чудесной силой. По христианскому преданию, первое пасхальное яйцо Мария Магдалина поднесла в Риме императору Тиберию, когда словами «Христос Воскрес!» начала свой рассказ о смерти и воскресении Христа. Славяне с древних времен дарили друг другу яйца на праздник встречи весны. Яйцо считалось символом плодородия и весеннего возрождения. Во время праздника оно было предметом обрядовых игр, например, катания яиц по желобу. После принятия христианства яйца стали дарить на Пасху. Отсюда и родилась пословица: «Дорого яичко ко Христову дню – дорог подарок к празднику». При дворе царя Алексея Михайловича на Пасху раздаривалось до 37 тысяч раскрашенных яиц – лебединых, гусиных, утиных, куриных и голубиных, а также деревянных и костяных.

* * *

**КРАСНЫЙ ЧАЙ** считается одним из самых ароматных в мире. В международной торговле красные чаи называют оолонги. Они сочетают в себе, с одной стороны, свойства черных чаев, с другой – зеленых, и они причудливо переплетаются и дают вкус и аромат совершенно нового качества. Разваренную чаинку оолонга можно легко отличить от чаинок других сортов по своеобразной окраске: края листа окрашены в цвет черного чая, тогда как серединка имеет все признаки зеленого чайного листа. Такой нюанс достигается в результате специального процесса частичной ферментации – он прерывается как раз в тот момент, когда края листьев приобретают красноватый оттенок, поэтому и чай назван «красным». После ферментации листья сушатся. Красные чаи имеют совершенно особый, изумительный, глубокий, запоминающийся аромат. Кроме того, красные чаи менее подвержены окислительным процессам и поэтому лучше сохраняют свои свойства в течение долгого времени.





## БАКЛАЖАН СЕРДЕЧНЫЙ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Баклажан обладает высокими диетическими качествами. Это низкокалорийный источник витаминов, содержит много клетчатки, полезной для кишечника, в нем много солей калия, влияющих на деятельность сердца, стимулирующих выведение жидкости из организма. Употребление баклажана способствует снижению холестерина в крови, улучшает общее состояние больных атеросклерозом, способствует кроветворению, полезно при подагре.

### РЕЦЕПТЫ

*Сок.* Натереть на терке баклажан средних размеров с кожурой, отжать через марлю. Для улучшения обмена веществ пить по 1 ч.л. во время еды в течение 10 дней. Курс повторить через 2 месяца. Сок хранить в холодном темном месте. Наружно смазывать раны и использовать как компрессы.

*Баклажанное пюре.* 600 г плодов очистить от кожицы и измельчить. Потушить в молоке на медленном огне, посолить, добавить зелень петрушки и снять с огня. Как лекарство есть вместо ужина через день в течение месяца.



## ЛУК ОТ СЕМИ НЕДУГ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Лук регулирует сердечную деятельность, секреторную активность внутренних органов – бронхов, печени, почек, поджелудочной железы, желез желудка и кишечника, снижает протромбиновый индекс, уровень холестерина и сахара в крови.

Также лук нормализует давление крови, увеличивает эластичность и прочность сосудов, активизирует работу кишечника, ускоряет заживление ран, ожогов, уничтожает инфекцию, изгоняет глистов.

### РЕЦЕПТЫ

*Настой на молоке.* Натереть на терке луковицу, залить 0,5 л горячего молока, настоять ночь и пить полученный настой в течение дня за 15 минут до еды при заболеваниях верхних дыхательных путей, ангине, астме.

*Сок.* При пониженном аппетите, геморрое и запорах свежеприготовленный сок принимается по 1 ч.л. 4-6 раза в день за 15 минут до еды. Курс лечения – 1 месяц. Вместо 1 ч.л. сока можно принимать 1 ст.л. натертого лука.



## ДРУЖОК ЧЕСНОЧОК

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

С лечебной целью используют свежие и сухие листья (перо), цельные и тертые зубчики чеснока, свежеприготовленный сок, настойку. Из листьев готовят отвары и настои, а луковицы принимают в свежем, вареном, пареном, печеном, тушеном, жареном и жженном виде. Рекомендуют при астме, кашле, пищевых отравлениях, зубной боли, ранах. Эффективен чеснок при сердечно-сосудистых заболеваниях, гриппе, ангине, для повышения иммунитета и улучшения обмена веществ.

### РЕЦЕПТ

*Настойка.* Очистить 30 г чеснока, растолочь, настоять в 100 мл водки в течение 10 дней в прохладном месте. Пить по 15-20 капель 2 раза в день за 10 минут до еды для укрепления сосудов, снижения давления, профилактики атеросклероза. Курс лечения – 2 недели. 10 дней – перерыв, затем повторить.

Чеснок противопоказан при язвенной болезни, обострении хронического гастрита, воспалительных болезнях почек, эпилепсии.



# 9 советов для здорового сердца

1 **Пейте молоко**. Недавнее исследование британских врачей показало, что у людей, потребляющих молочные продукты по крайней мере три раза в день, кровяное давление ниже, чем у остальных. А высокое давление, в свою очередь, вредит сосудам и может стать одной из причин инфаркта или инсульта. Как заключили исследователи, тем, кто следит за своим сердцем, надо есть больше маложирных йогуртов, творожков, сыров и так далее — это поможет сохранить фигуру и оздоровиться.

2 **Ешьте рыбу.** Постоянное потребление рыбы помогает справиться с учащённым сердцебиением и даже лёгкой аритмией, которые в свою очередь могут привести к инфаркту и даже смерти. Такие данные получили сотрудники Гарвардского медицинского института. Они утверждают, что тем, кто беспокоится о своём здоровье, достаточно есть рыбу один-два раза в неделю, и желательно, чтобы это было блюдо пожирнее — из тунца или лосося, например.

3 **Налегайте на соки.** Британская академия наук обнародовала данные исследований, согласно которым гранатовый сок укрепляет кровеносные сосуды и даже помогает им восстанавливаться. Кроме того, если выпивать по стакану этого сока в день войдёт у вас в привычку, вы избавитесь от проблем с холестерином: под влиянием веществ, содержащихся в соке, холестериновые бляшки уменьшаются почти в два раза.

4 **Вместо соли — соевый соус**. Врачи Национального университета Сингапура советуют ежедневно добавлять в супы, горячие блюда и салаты не соль, а тёмный соевый соус. Это поможет вашему организму бороться с вредными последствиями курения, лишнего веса и даже диабета. Однако будьте внимательны: соус сам по себе может содержать довольно много «белой смерти», поэтому перед покупкой читайте, что написано в разделе «Состав» на этикетке.

5 **Почаще смейтесь.** Не любите грустное кино? Ну и правильно. Согласно данным Мэрилендского медицинского института, во время просмотра комедий кровообращение у человека намного лучше, чем при просмотре драм и мелодрам. В среднем для профилактики сердечных недугов врачи советуют смеяться не менее 15 минут в день.

6 **Здоровый сон — здоровое сердце**. У женщин, спящих менее 5 часов в сутки, риск получить какое-нибудь сердечно-сосудистое заболевание аж на 30% выше, чем у тех, кто проводит в постели по 8 часов. Секрет в том, что недосып может стать причиной гормонального дисбаланса, нарушить уровень сахара в крови и подпортить вам давление. Так что, вдоволь насмеявшись, выпейте стакан тёплого молока и ложитесь спать.

7 **Дышите глубже.** Обычный человек в состоянии покоя делает от 16 до 19 вдохов в минуту. Чтобы нормализовать своё давление, попробуйте снизить эту цифру до 10. Как утверждает исследователь британского Института изучения старения Дэвид Андерсон, такая несложная дыхательная гимнастика тормозит в организме процесс выделения солей в кровь.

8 **Слушайте джаз.** Группа врачей из Оксфордского университета обнаружила, что то, что мы слушаем, влияет на наш сердечный ритм. Негромкая музыка с медленным ритмом способствует замедлению сердцебиения, а следовательно, даёт вашему сердцу хорошую передышку.

9 **Занимайтесь гимнастикой**. Лёгкие упражнения также помогают нормализовать давление и тренировать сердечную мышцу. Лучше всего подойдут какие-нибудь растяжки, дыхательная гимнастика или йога. Главное — не перенапрягаться и делать упражнения регулярно.

# Дагъистаналда хъанчие лагълъи гьабулезул хирияб бакI

Хасавюрталда буго Северияб Кавказалда бищунго кIудияб килиса. Гьеб ккола Знаменский собор, XX-абилеб гIасруялъул, федералияб кIваралъул византиялъул монументалияб къагIидаялда бараб, 45 метр борхалъи ва ичIго купол (ангелазул чиназда бащадаб къадар) бугеб архитектура. Гьелъул куполал сверухълъиялдасанги рихьула.

Храмалда цIар лъун буго жиндир «ХIикмалъи» загьирлъарай ГIиса аварагасул Эбелалъул (Божией Матери) хIурматалда. Новгородалъул ГIиса авараг жинца гьавурай Хирияй гIаданалъулги ва тIадегIанаб Лъимадулги сурат бугеб икона гIаламатал загьираблъун рикIкIине байбихьана II70 соналдаса нахъе. Доб сонparam, Суздалалъул кIиняз Андрей Боголюбскиясул васасул бетIерлъиялда гъоркь, гIурусазул кIинязазул цолъизарурал къуватал гIагарлъана КIудияб Новгородалъул къадазде ва гьеб сверун ккуна. Сверун ккураз БетIергьанасда гьарулеб букIана жал рехун тогеян. Лъабабилеб сордоялъ Новгородалъул архиепископ Илияда рагIана цо гIажаибаб гьаракь, гьелъ гьарулеб букIана Хирияй ГIиса авараг жинца гьавурай гIаданалъул сурат босун шагьаралъул къадада тIад лъеян. Икона гьенибе босидал, тушбабаз гьелде гIемерал чIорал риччана ва гьезул цоялъ иконаялда бахъараб ГIиса авараг гьавуралъул сурат гьурмадаса борлъана, гьелъул бадиса магIу чваххана ва икона жибго шагьаралдехун буссун чIана. Тушбабаздейин абуни квешаб хIинкъи рещтIана, гьез байбихьана жалго жидецаго гъуризе, новгородалъулазин абуни гьужум кутаклъизабуна ва гьеб рагъулъ бергьана. Гьеб лъугьа- бахъиналъул хIурматалда Илияца ГIиса аварагасул Эбелалъул КIодолъиялъул хIурматалда лъазабуна байрам ва гьеб кIодо гьабула гIурусазул тIолалго килисаз. Иконаялъул гIемерал копиял тIиритIана тIолабго Россиялда.

Хасавюрталда бугеб знаменский соборалъ балеб буго нусго сон. I846 соналъул маялда, кIиняз Барятинскиясул Кабардиназул лъелазул 80 абилеб полкалъ кьучI лъураб Хасав-Юрт слободаялда, I898 соналъ хIалтIизе лъугьана цIулал гьабураб, ГIиса аварагасул Эбелалъул («ХIикмалъи») цIаралда бараб часовня.

Гьеб заманаялда Хасавюрталда хъанчие лъагълъи гьабулезул гIун вукIана 90 азарго чи. I90I соналъул 29 апрелалда букIараб данделъиялда бихьизабуна цIияб килиса базесеб бакI. Гьелъие проект гьабуна инженер И. Рябкиница. I902 соналъул марталда гьабуна кIиабилеб проект, гьелда килиса гIатIилъизабуна азарго чиясул хIисабги гьабун ва 30 маялъ базе лъугьана. Храм балеб букIана, кумек гьабун щвараб гIарцухъ, Терекалъулал казаказул аскаралъулаз. КъватIисан храм къачIазе гIарац Синодалъ биччана.



I907 соналъул I5 маялда килиса хIалтIизе байбихьана ва гьенибе бачIана «Знамение Пресвятой Богородицы». Харабаз бицухъе гьениб букIун буго кIудияб берцинлъи ва къачIай, берцинал суратаз чIухIизарун рукIана къадалги кавабиги. Ахирисеб цIумур гьениб лъун буго I9I3 соналъ. Храм рагьиялъул къойин абуни данде ккезабун буго Романовазул династиялъул 300 соналде, гьеб кIодо гьабун буго I9I3 соналъ.

I9I8 соналъ храмалда ккун буго цIа ва цIикIкIарасеб бутIа хвезабун буго. Гьединги I920 соналде щвезегIан гьенире как базе хьвадулел рукIун руго. Храм къан буго I930 соназда ва гьенир жанир гьарун руго складал. ЦохIо хутIизегIан цIурмалги рахъун рукIана гьениса. Хъанчалги лъабго кIудияб куполаги биххизе бажаричIого хутIун руго.

I943 соналъги ккун буго гьениб жаниб ца. Кинабго жанисеб къачIай (цIулал чIабар, болъаби ва къадазул бохьи) бухIун буго.

Гьебго I943 сонлъул ахиралда храм божулезухъе тIадбуссинабун буго ва I945 соналъ байбихьун буго гьеб цIигьабизе.

ГьабсагIаталда храмалде вачIуна 2000 чи. Знаменский собор лъазабун буго федералияб кIваралъул памятниклъун ва хIисабалде босун буго гьенир цIигьабиялъул хIалтIаби тIоритIизе.

**ХIадур гьабуна**
**Гульнара АСАДУЛАЕВАЛЪ**

# РОКЬУДАСАГИ ЦIИКIКIАРАБ…



**Согlаб гlасру, согlал ракlал…Нилъер хlакъалъулъ гуребдай гьедин абун букlараб кlиго гlасруялъ цебего кlудияв шагlирас. Гьесда бихьулеб букlун батила тlаде бачlунеб заман согlаб букlинги рекlел хlайранал асарал тlагlине рукlинги, гьелда бан гlадамал рикь-рикьун ине бегьулеблъиги. Амма хlасратги рокьиги, киналъего квешезего гlадин, гlумруялда хутlана. Рекlел тlиналда рижулел гьел асарал загьирлъула балагьиялъулъги гьимиялъулъги ва гьез гlемераб жоялъул бицуна.**

Гьаниб бицен жиндир хIакъалъулъ гьабизе бугеб хъизан цIар рагIарабилан абизе бегьуларо, амма лъаларебги гуро. Гьезул гIумруялда цIияб заманаялъул гIемерал рахъал хъвачIилан абизе бегьула, щайин абуни рос-лъадул гьечIо сундулъниги чIухIа-къулиги ва жалго рихьизаризе лъугьинги. Гьезие гIолеб буго профессионалияб рахъалъ жалго рихьизари, гьединлъидал гьелъие кьолеб буго кинабго къуват. Гьез цебе лъолеб гьечIо жидерго бажари-гьунар, амма гьебго заманаялда хIаракат бахъулеб буго церетIезе, жанисеб дунял бечед гьабизе ва гьенире щалниги риччангутIизе. КигIанго гIадамазулгун бухьен дагь букIаниги, бакьулъан хъвалхьараб гIечгIанги релълъарал ва цоцазулъ рекъон ккарал рос-лъади рихьичIого ва рагIичIого хутIулел ратиларо. Гьелгун гара-чIварулаго пикру гьабула, вай гьазул рекъон ккейго щибилан…

### ГЬЕБ РОКЬИ БАТАНИ…

ГIахъуша районалъул Муги росулъа гьезие щвана академическияб лъай. Акай Муртазаевас лъугIизабуна ДГУялъул физическияб факультет ва Ленинградалъул университеталда аспирантура, Джумаца – Дагъмединститутальул лечебнияб факультет. Гьезул эбел-эменги ккола цого росулъа ва тIабигIат-гIамал рекъарал гIадамал. Гьез кидаго ва сундулъго цIунулаан цебехун умумузул батараб лъикIабщинаб, гьез жидерго ирсилазеги кьуна намусалъул бацIцIалъи ва гIаданлъи, захIматалде рокьи ва жавабчилъи. Гьел тIабигIатазин абуни бижизабула гIадамазул хIурматги адабги.

Рес букIанадайха Акайги Джумаги данделъичIого? БукIинчIин ккола, гIемераб буго гьел данде ва гIагар гьарурал ишал. АбизегIан бигьагоги гьеб батичIо. ГIемераб мехалъ рукIана цоцазул хал кколел, гIумру цадахъаллъун рекъон ккеладаян ургъулел. Джумал эмен, физикиябгун-математикияб гIелмуялъул доктор, профессор, Хизрикъади Къурбановичас лъикIаб къимат кьуна медалалда школа лъугIизабурав, жиндирго гьалмагъасул вас Акайие. Гьесие рекIее гIолаан ишалда тIадчIарав, бищунго захIматаб дарсги бигьаго жинибе биччалев гIолилав. Гьес доб заманаялдаго бихьизабун букIана бажари.

«Гьесие гIелмуялде рагьараб нух буго» - ян абулаан мугIалимас, жидерго рокъоб хабар ккедал ва гьедин Джумал пикру гIолиласде буссинабулаан. Джумалин абуни доб мехалда росасе иналъул ургъелго букIинчIо. Гьелъие бокьун букIана тохтурлъун яхъине, гьейги гIадатияй гурей, тIадегIанаб даражаялъулайлъун йикIине. Амма инсуца бицунеб хабарги гIадахъ босичIого хутIулеб букIинчIо ва пикру гьабизеги гьелъ тIамулаан. Гьединлъидал лъугьана гIолиласул хал ккезе. Гьединго гьелда бихьулеб букIана гьесие жий рекIее гIолей йикIинги. Джума рекIее гIечIого йикIинеги бегьулароан. ЧIегIераб расалъул, риццатал гьалазул, гьайбатаб гьимиялъул гIолилалъ хIайран гьаричIого толароан. Гьейги, жиндаго лъачIого ккана гIадатияв гурев гIолиласул хIакъалъулъ пикрабазул асаралъукье, гьелда бичIчIизе лъугьана гьев гьечIого гIоларевлъи. Заман щведал эбел-инсуцаги разилъун рагIи кьуна гьарун рачIарал жидерго гьалмагъзабазе.

### АКАЙ…

- Дида ракIалде ккола роан гьадинаб лъикIаб хъизан нижер лъугьинилан. Гьеб батизе ккола нижер рухIияб рахъ рекъон ккеялда бараблъун: нижеда дунял цого хIалалъ бихьула, нижее цохIого тIахьал рокьула, цохIого киноязухъ ралагьула, гIемераб данде ккола гIадамазе къимат кьолелъул,



букIинеселъул пикру гьабулелъул. Джума ятана дие цадахъ гьечIого гIоларейлъун. Хъизаналъулаб гIумруялъейин абуни гьеб киналъулго кIудияб кIвар буго, щайгурелъул гьелъие кьезе къваригIуна кинабго жанги, заманги, ракIги ва гIалимчи хIисабалда дие гьединаб хIалрекъей кумекалъе батула. Хъизан хIал рекъараб ккани – гьеб кIудияб талихIги буго. Дунги гьедин талихIавлъун ватана.

## ДЖУМА...

– Дидайин абуни бачIинахъего бичIчIана Акай яги гIелму цояб тIаса бищизе ккезехъин букIин, гурони хъизан букIунареблъи. Гьединго кIвар бугеблъун кколаан, хIалтIуда гIемераб заман тIамулеб бугилан, рокъоб бадибчIвай гьабизе тунгутIиги. Ниж цоцазда бигьаго ричIчIулаан, хIатта рагIи абичIогоги, - ян гьимана гьей. – Акай вуго, тарбияги щварав, магIарул гIадаталги ккурав чи. Рокъоб гьасие бокьула гIадлу, ва дунго гIадинав, жиндие гIемераб жо къваригIунаревги вуго. Гьев лъикI лъанагIан лъикI вичIчIизеги вичIчIана ва къабулги гьавуна. Гьесда нахъа ниж сангаралда нахъа гIадин парахатго рукIуна. Гьединаб талихI гьанже къанагIаталги руччабазе щоларо.

## ХЪИЗАН ХЪИЗАН ГIАДИН...

ГIолилазул гIумру бигьаяб букIанилан ракIалде ккарал мекъи руго. Гьез ракIалде щвезабула кинан жидеца гIумру гьабизе байбихьарабалиги, кин мина балелъул гьезие кумекалъе кинабго гIагарлъи ва Акайил гьудулгьалмагълъи бахъарабалиги. Гьес жинцагоги гьабулаан кIварабщинаб жинцаго. Джумаца махсаро гьабулаан, гьунар бугев чи киналъего гьунар бугев вукIине кколилан. ГIадатияб, щибго тIокIлъи гьечIин кколеб рукъ, саламатго кIудияблъун лъугьун буго. Гьениб буго рокьиги, рекъелги, гIелмуги, хIурматги.

- Нижеца кIвар кьола рос-лъадуда гьоркьоб дагъистаналъул къагIидаялда рекъон букIине кколеб ишалде, нижеца рикIкIуна талихIаблъун букIунин квегIенлъиги рекъон ккейги бугеб бакIалда,- ян абуна Джумаца. – Гьедин абулаан нижер эбел-инсуцаги, гьедин абула нижецаги нижерго лъималазда, ракIалде ккола гьезул лъималазеги гьединабго тарбия щвелин…

## ХЪУЛУХЪГИ - РУХIИЯБ РАХЪЛЪУН ККОЛА...

Муртазаевазул рокъоб гьеб рагIи къабуллъуларо, щайгурелъул гьез хIалтIи къабул гьабула рохун, рокьигун. Рохун гIадин, амма кин букIаниги хIалтIи буго хIалтIи, хIалхьиялъейин абуни гьел гIемер гIагараб Мугире уна ва Акай Къурбановичас абухъего, гьесие росулъ лъабго къо бай ккола, цIидасанги хIалтIуде тIаделъизе бачIунеб гьира. Гьебин абуни бигьаяб гьечIо, гIалимчилъи гуребги гьес гьанже тIуразарула ДНЦ РАНалъул председателасул ишалги. Гьебин абуни жавабияб иш ккола… ГIалимчиясе жиндирго цIар рагIиги – ккола къадруяб къиматлъун. Гьевин абуни Россиялдаги гьеб бахун къватIивги гIелмуялъул рахъалъ дунялалда рагIун вуго. Жиндирго заманаялда, гIелмуялда тIадчIарав Акай Муртазаев Ленинградалъул университеталде витIун вукIана, цIех-рехазулаб хIалбихьиялъе. Гьениб лъикI стажировкаги лъугIизабун лъугьана физикияб факультеталъул аспирантураялде. 1999 соналъ гьенибго цIунана физикиябгун-математикияб гIелмабазул докторасул степень.

Гьеб букIана гIелмуялде тIамураб кIудияб гали. Ва, унго-унгояб кепги лъан, гьев лъугьана ДГУялда дарсал кьезе, гьениб тана ассистентлъиялдаса байбихьун кафедраялъул заведующилъиялде щвезегIан нух. РАНалъул ДНЦялъул физикаялъулаб институталдаги гьев гIуна мухъилав гIелмияв хIалтIухъанасдаса байбихьун Институталъул директорлъиялде щвезегIан. Гьениб гьес рагьана, РФялдаго кутакалда лъикIал хIасилал рихьизарураб лабораторий. Ункъо нухалда гьев вихьизавуна РАНалъул лъикIав гIалимчилъун (Улкаялъул гIелму цебетIезабиялъул фондалъ). 2008 соналъ А. Муртазаев вищана РАНалъул член-корреспондентлъун. Гьес хъвана анлънусгоялдаса цIикIкIун гIелмияб хIалтIи, гьезул гIемерал рахъана централиял ва къватIисел печатазда, руссинаруна ингилис мацIалде. Гьанже А. Муртазаев ккола дагъистаналъул жив бищунго гIемер рехсолев ва рагIарав гIалимчи. ГIемерав хьвадула докладалгун конференциязде. Лекциял цIализе гьев ахIула чIахIиял гIелмиял централазде. Ахираб къого соналда жаниб гьес цIунун буго 50 грант ва проект. Гьесул гIелмияб нухмалъиялда гьоркь анцIгояс цIунун буго кандидатлъиялъулаб ва гIемерал магистразулал диссертациял. РДялъул мустахIикъав гIелмияв хIаракатчи, гьесие щун буго РДялъул ПачалихъалъулабСоветалъул ХIурматияб грамота, вищун вуго англиялъул физиказулаб цолъиялъул членлъун.

## ХАДУБГИ ХЪИЗАНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ...

Джумаца абуна жиндирги гIумруялда захIмалъаби камун рукIинчIила, амма гьел гьедигIанго рагIулароанила ва зигардизе бакI букIинчIила. КIигоял лъимал, гIемерал гьалбал… МахIачхъалаялде командировкаялъ ва гьадинго рачIарал ищцоялги гьалмагъзабиги гьелъухъ рещтIунаан. Гьединго кире кканиги, гьел жалгоги ахIулаан гьоболлъухъ. Гьалмагъзаби Россиялда – Москваялда, С- Петербургалда, Екатеринбургалда, Казаналда, Ростовалда, Грозныялда, Красноярскалда, Челябинскалда, Уфаялда, МахIачхъалаялда ругездаса гIемерал руго гьезул. Джума Муртазовалъ абулеб буго щияй дагъистаниялъул букIине кколила рес рос-рукъалъеги хIалтIуеги заман кьезе.



ГьитIинаб къоялдасаго ругьунлъун йиго гьей цересел гIагарал гIадамазде кIвар кьезе, лъимал гIезаризе ва жиндирго хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабизе. Гьей хIалтIана республикаялъул туберкулёз сахлъизабиялъул диспансералда акушер-гинекологлъун, хадуйги цIалана ДМИялъул акушерлъиялъул ва гинекологиялъулаб кафедраялъул ординатураялда. Гьанже Джума Хизрикъадиевна хIалтIулей йиго Республикаялъул хъизаназул сахлъи цIуниялъулаб централда акушер- гинекологлъун. Гьелъ лъазарула лъимер ургьиб мекъаб къагIидаялда ккарал руччабазул хIал. ХIалтIул къогигьелъул гIорхъи чIезабичIеб буго. Акай Къурбановичас абуна лъадухъе сордо- къо батIа гьабичIого ахIун бачIунила ва гьелъ киназего консультациялги малъа-хъваялги гIодойиччан гьабулила, гьедин нервабазул иш лъикI гьечIелги гIодор риччазарулила. Гьелъие щун буго тIадегIанаб квалификациялъулаб категорияги, «РДялъул сахлъи цIуниялъул отличник» абураб медальги. Иш лъалей специалист кидаго йикIуна сабурго ва кумекалъе хIадурго... Гьадинго берцинай гIаданги йиго. Гьейин абуни елъана:

- Лъаларо, дица гьелъие гьабулеб щибго букIунаро, тIабигIаталъ кьурабго буго...

## ХЪИЗАНАЛЪУЛ ХАЗИНАБИ

- Лъалищ, щивав чиясул рукIуна тIуразаричIого гIоларел ишал, гьес живго чилъун рикIкIунев вугони. Нижеца гьитIинаб къоялдасаго нижерго ясазда малъулаан гьабулебщинаб иш гIицIго гIумруялъул мурадалде щвей гуребги, унго-унгояб ишлъунги букIине кколин ва гьелъие жанги кьезе кколин. Нижеда ракIалде кколеб букIана кинабго лъималазе чIамун ботIрольги рекIелъги лъезе бегьуларин, гьел жалго ургъизе рес кьезе ва гьезул пикруги гIадахъ босизе кколин, - абун бицана Акайицаги Джумацаги.

– Кинабго нилъее бокьухъе гьабизе лъимал тIами битIараб букIунаро. Нижецаги нижедаго берцин бихьухъелъидалха гьабулеб букIараб. Рохарал руго лъимал цIодорал ва пикру гьабулел, ниж нечезаруларел гIеялдаса. Гьезда гIемерисеб дагьаб батIайиса бихьаниги, мекъаб балагьи яги пикру букIинареблъиялда нижер ракIчIола ва гьединлъидал дандчIейги гьабуларо.

Гьедин бихьулеб буго рос-лъади Муртазаевазда лъималазе тарбия кьеялъул иш. АсиятгиГIайшатги руго тарбияги щварал, лъайги босарал мусудул. Гьезда бечелъиги чIухIиги берцин бихьулеб гьечIоан ва тIасан бихьулелде абизегIанаб кIварги кьолеб гьечIо. Гьезда лъалеб буго эбел-инсуе мустахIикъаллъун рукIине кколеблъиги. Амма эбел-инсуца абулеб буго гьалатIал гьаричIого гIезеги, гIумру гьабизеги бажаруларилан, ккарал гьалатIал кватIизегIан течIого ритIизаризе кколилан ва гьелъие бажариги гIезе кколилан. Гьедин гIуцIулила гIадамазул хасият.

Асият хехго гIун йиго, анлъго сон баралдаса Акайил эбел-инсуда аскIой ГIахъуша йикIиналъ. Лъалеб буго гьелда росдал гIумруги. Гьей гIемерай цIалдолей ва анищал гьарулей яс йиго. Бокьун буго эменго гIадинай физиклъун яхъине, хIалтIулей йиго гIелмуялда тIад, гьарулел руго цIех-рехал.

Гьей хIалтIана ДГУялда, йикIана физфакалъул деканасул заместительлъун. Гьей ккола РФялъул президентасул стипендиат ва кIицIул йикIана РДялъул БетIерасул стипендиатлъунги, амма жиндирго бергьенлъабазулги бицунароан ва хIатта эбел-инсудаги лъазе толароан гьезул хIакъалъулъ. Рослъун гьелъул ккана курсцояв Вадим ва гьезие гьавуна вас. Жавабияй, гьунар бугей гIолилалда цадахъ хIалтIулелги божула. БатIайисаги кинха букIинеб? КIудада, гIелмабазул доктор, вукIана ДГУялъул физфакалъул заведующийлъун. КIодоэбел, ГIашура Рашидовна гIумруялъ хIалтIана педагоглъун. Цоявги, Мугиялдаса кIудада Къурбан Муртазаевич Муртазаев гIемерал соназ хIалтIана учительлъун, гьес гIумру кьуна рахьдал мацIалъе ва журналистикаялъе. Нахъа тана рагъулаб нух. I6 соналъ вукIана партиялъул ва советиял хъулухъазда. Къого соналдаса цIикIкIун гьабуна ГIахъуша районалъул «Ильичил нух» газеталъул редакторлъи, гьев кколаан РСФСРалъул, Н. Крупскаялъул цIаралда бугеб премиялъул ва «Меседил пероялъул» лауреат. Гьединго гьес авторлъи гьабуна дарги мацIалда байбихьул классазул цIалдохъабазе рахъарал учебниказе. Районалда гьев рикIкIунаан дарги мацIалъул лъикIаздасан цояв специалистлъун.

Гьанже Асият хIалтIулей йиго ДГУялъул физфакалда. ГьитIинай ГIайшат цIалулей йиго Москваялда В. И. Сурковасул цIаралда бугеб МГАХИялда ва гьелъиеги щун буго муртазаевазул гIамал-хасият: гьедин цо къоялда жаниб пединститутальул худграфги рехун тун гьей ун йиго Москваялде, рехсараб институталде лъугьине, хIукму ккун буго искусство лъазабулейлъун яхъине. Гьанже цIалулей йиго лъабабилеб курсалда. Дица гьелда гьикъана творчествоялде рокьи кисанин бачIараб?

-ГьитIингоялдаса бокьулаан суратал рахъизе, - ян абуна ГIайшатица. АнцIго сон бараб мехалда гьелъ цебесеб бакI ккун буго РФялъул президентасул гранталъе тIобитIараб, тIолгороссиялъул лъималазул суратазул церелъеязда ва щун буго гIарцулаб премияги.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# Лирикиял накъищал




## ДИР САРИНАЛ

ГIатIидаб шагьарги къваридай дунги,
Къилбалъун лъугьараб досул суратги.
АскIов вугониги, рикIкIада вугев.
РекIелъ мугъру чIвараб добго сипатги.

Бищун талихIаллъун дица рикIкIунел
Дол къоязул къиса - кибе доб щвараб?
Гвангъарал лахIзатал жиндилъ рессараб,
Щай нахъбуссунареб доб гIолохъанлъи?

Нух къосун хутIараб дир къисматалда
Абизе рагIицин батичIев гьудул.
РакIгъанцIизабулеб сихIкъотIиялъе,
Салам кьечIониги, хиралъарав дов.

Уяблъун лъугьине анищ букIараб,
Анищлъун хутIараб хIикматаб рокьи.
ХIакъикъатлъун ккелин хьулал рукIараб,
Хьулазулъ хутIараб хвел гьечIеб гIишкъу.

ТIадегIанав Аллагь, Мун тIаса лъугьа.
Дир пикрабазе бакI досий цIикIкIиндал.
Дица  Дуй гьабулеб как-диналдаса,
Досде бугеб рокьул цIайи бакIлъидал.

## ХЪАХIАБ КВЕРБАЦIЦI

Досухъ тIураб магIу бацIцIараб квербацIцI
КIудияб гIищкъудал нугIлъун хутIана.
Къисматалъухъ дица чIегIер барабго,
Дир хьолбохъ рещтIараб дир хъахIаб квербацIцI.

ХъахIаб квербацIцIалде тIинкIараб магIу
Доб цIаргун гIунана даималъего.
Рокьул лъалкIаз цIураб гьеб каранде къан,
Къваридай чучула щибаб сордоялъ.

ХъахIаб квербацIцIалъул къваридаб къиса
Къилбалъун рикIкIуна дица гIумрудул.
ГIумругIан хирияб досул сипатгун
Дир кодоб хутIараб хIикматаб квербацIцI.

БукIанила квербацIцI, бугила квербацIцI,
Дир шигIрабазул тIогь, дир рокьул матIу.
Лъеберго соналъул хъвай-хъвагIаяца
Бас-басун жиб базе ихтияр кьураб.

Дир рокьи тIоцебе дуе тIатана,
МагIуги тIоцебе дуй къабуллъана.
ТIоцересел кучIдул дуй загьирлъана.
Дир гIумруялъул тIехь, дир хъахIаб квербацIцI.

МагIица чурараб дир хъахIаб квербацIцI
Байрахълъун хутIана тIубачIеб рокьул.
Балъголъи бахчулеб рекIел хазина,
Анищаца цIураб дир хъахIаб квербацIцI.

Досухъ тIинкIарал дир магIил гараца
Гвангъизе гьабураб дир хъахIаб квербацIцI.
РакIалдещвеязул къиматаб квацIи,
Къисматалда чIвараб рокьул мугъру мун.

ХъахIаб квербацIцIалда гIагараб сурат
Дицаго угьана ургъалил куназ.
РакIалда букIинчIо къисматалъ лъураб
СогIаб ругъунги гьелъ бухьине ккелин.

ХъахIаб квербацIцI, тIаса лъугьа, гьарула,
Цадахъ гIазабазде мун бачаралъухъ.
ЦIалун бахъунареб, хъван лъугIулареб,
Дирго рокьул къиса дуй гьурщаралъухъ.

Дур хъахIаб кьералъул нур свинабураб
Пашманлъи дица дуй сайгъат гьабуна.
Дие кумекалъе мун батаралъухъ,
Баркала, хирияб дир хъахIаб квербацIцI.



# МИСАЛАЛЪЕ МУСТАХIИКЪАЛ

РикIкIадисеб 1968 сон ракIалдаса унареблъун хутIана жеги гIолохъанал, берцинал, росуго чIухIарал МухIамадиеги ХIабсатиеги.

Берцинлъи… бер тIаса босизе кIолареб. Гьезул ккана щулияб, къуватаб ва гьайбатаб рокьи.

Гьеб соналъ Гумбет районалъул Килалъ росулъ гьабуна цIакъ кIудияб, киназего рохел ва аваданлъи кьураб, росуго бахилаб бертин. ГIемерал соназ гьеб бертин кIочонареблъун хутIана гIагаразе, росуцоязе, мадугьалзабазе ва гьудул-гьалмагъзабазе.

ГIолохъанай ХIабсат жеги рокъойго куцарайлъун йикIана хIалтIизе, рацIцIа-ракъалъиялъе, бихьиназул ва кIудиязул адаб гьабизе, гьитIиназдехун недегьго йикIине. Росасул рокъойги гьей хехго ругьунлъана киналдего. Якьадалдаги гьелъ эбелилан абулаан ва гьелъ малъарабги кидаго гIадахъ босулаан. ТIоцебесеб къоялъго якьадалъ гьелда абуна ва тIокIаб такрар гьабизеги ккечIо: «Рукъ гIуцIула чIужугIаданалъ, хIанчIица жиндирго бусен гIадин, хьухьуна. Гьей кидалго йикIуна къуватайлъун, щайгурелъул гьей ккола эбел. Лъихьаниги бажаруларо, эбелалъухъан гIадин, къуватайлъун, гIакъилайлъун, хIалимайлъун йикIун. Гьединлъидал мун йикIине ккола рукъалъул хIуби, росасул ва лъималазул цIаргун фамилия щулаго ккурай, гьезул цIар, кIодолъи, цебетIей кинабго бараб буго цохIо дуда».

Щибаб бачIараб къо МухIамадиеги ХIабсатиеги букIана гIумрудул сайгъатлъун. Хьизан ккола гIемералдаса данде гьабураблъун: эбел-инсудехун, гIагараздехун, кIудияздехун балагьиялдаса, рукъалъул магIишат бачине бажариялдаса. Гьезул букIана кIудияб магIишатги. КIудиязе кумек гьабулаан гьитIиназ, гьедин кидалго гьезул рокъоб цIунун букIана хинлъи, рацIцIалъи, гвангъи, квегIенлъи ва гIадлу-низам.

ГьитIинго эбел-инсуца лъималазда бичIчIизабуна гьереси бицине бегьулареблъи, жидерго ишазул жаваб кьезе, къадруял ирсилаллъун рукIине, кьолбол цIар борхатго цIунизе кколеблъи.

Лъимал гIуна кIудиял ва жиде-жидер сухъмахъаздасан ана. Амма кидаго ва кир рукIанаги, гьел гIедегIулаан эбел-инсул рокъоре, гьира букIунаан гьезулгун дандчIваялде: батулаан гIемераб бицине цIияб, бикьулаан ургъел ва дандбалаан гьабизе бугеб. – Лъимал – гьеб ккола бечелъи, гьез кьола рухI ва жан. Аслияб хьизаналъул талихIги лъималазулъ букIуна.

МухIамадова ХIабсатил хIалтIул книжкаялда буго цохIо хъвай-хъвагIай – библиотекаялъул заведующая – абун. Библиотекаялда хIалтIиги гьелъ рикIкIуна кIвар бугеблъун. Гьенире рачIунел гIадамазул мурад тIубазе кIвани, свак кIочон толаан гьелда. ТIубараб къоялъ камулароан гьенире рачIунел, рукIунаан очередалги. 40 соналъ росдал библиотекаялда хIалтIулаго, ХIабсатица гьабулаан хIалтIухъабазулгун данделъаби, газет-журналазде, тIахьазде гьира бижизабулаан, ва гьединго гьелъухъан бажарулаан гIадамазда гьоркьоб гъунки щула гьабизеги.

ЦIияб Чуртах росдал библиотекаялда жакъаги тIоритIула выставкаби, цIиял тIахьазул презентациял. Зама-заманаялдаса тIоритIула поэтазулгун, хъвадарухъабазулгун, критиказулгун дандчIваял. Данделъабазда ХIабсатица кIвар кьола росулъ, районалда, республикаялда ва гьеб бахун къватIирехунги ругел лъугьа-бахъиназде. Гьединго гьелъ кIвар кьола КIудияб ВатIанияб рагъул, Афгъанистаналъул, 1996 соналъул январалда Гъизляралда ва 1999 соналъ районалда ккарал рагъаздеги.

Гьанже бицинин хьизамалъул бетIер ХIамидов МухIамадил хIакъалъулги. Дагъистаналъул ДГСХИги лъугIизабун, гьев тIадвуссуна Гумбет районалъул Килалъ росулъе. ХIалтIула «БагIараб Октябрь» колхозалда бетIерав ветеринаразул тохтурлъун. Байбихьуда расги бигьаяб букIинчIо. Гумбеталъул ветуправлениялда гьоркьоре унаан киналниги сверухъ ругел гъутабазул магIишатал. Доб заманаялда рукIинчIо рекIине машинаби, цониги гъутада букIинчIо ветеринаразул пункт. РукIинчIо лъикIал специалистал. Гурун гъуждулгун тIаделъана МухIамад кIудияв ветеринарасул хIалтIи тIубазабизе. Гьес живго вихьизавуна ракIбацIцIадав, махщел-лъай бугев, кIвахI гьечIев хIалтIухъанлъун. ЦIикIкIараб кIвар кьолаан хIайваназул унтабазде, дараби гьарулаан туберкулезалде, бруццелезалде данде. Къасилъи къадлъи гьечIого вукIунаан гIиялгун боцIул фермабазда.

Гьединав хIалтIухъан вихьичIого хутIичIо тIадегIанал идарабазда хIалтIулездаги. МухIамад тIамула Гъизилюрт районалъул Шамхал поселокалда бугеб кIудияб участкаялъул начальниклъун.

1976 соналъ цогидал росуцоялгун цадахъ ХIамидовазул хьизанги гочуна ЦIияб Лак районалъул ЦIияб Чуртахъ росулъе. Гьенив гьев хIалтIула Жданов совхозалъул парторганизациялъул секретарьлъун.

ЦеретIуразул цояблъун ккола Жданов совхоз чагъир гьабиялъул

ва цIолбохъанлъиялъул рахъалъ. ХIукуматалъе санайил бичулаан цIибил тоннабаз, кидаго рукIана тIоцересезул кьерда. Коллектив букIана кIудияб, масъалаби рукIана кIвар бугел, гьелдаго рекъон, жавабчилъиги букIана тIадегIанаб. МухIамадил кIвахI гьечIолъи, ритIухълъи, чиясе кумекалъе вати, ракI унти букIана цогидазухъеги щолеблъун. Гьенивги вихьичIого хутIичIо МухIамад. Росдал магIишаталъул управлениялъул начальниклъун тIамуна. Гьесул махщел букIана кIудияб коллективгун хIалтIизе, жиндирго хъулухъалъе къимат кьезе, жиндаго ракIчIун хIалтIи гьабизе. Халкъалъул аби буго коллективалъул гьудуллъиги хIалтIул цебетIейги бараб бугин нухмалъулесул гIакълуялда ва гьеб борцунин гьесул ритIухълъиялъ, бажариялъ ва таваккалалъ абун.

Хадувги МухIамад вищула ЦIияб Лак районалъул администрациялъул бетIерасул заместительлъун. Жиндирго захIмат бокьиялъ, ритIухълъиялъ, гIадамалгун вукIине лъаялъ, гьезухъ гIенеккун бажариялъ кIвана МухIамадида район цебетIезабун. Гьесул къимат ва адаб гьабулаан жиндирго хIалтIухъабаз гуребги, росдал жамагIаталъ, гьитIиназги, кIудиязги.

Гьединаб ракIбацIцIадаб гIемерсонилаб захIматалъухъ МухIамадие ва ХIабсатие щвана гIемерал баркалабазул кагътал, ХIурматалъул грамотаби. Халкъалъул аби буго: «Нилъеца нилъер умумуца чIараб гъотIол пихъ кванани, нилъер лъималазги гьезулазги кваналин нилъеца чIараб гъотIол пихъги» -йилан. Риччанте гьезул мисалалъе мустахIикъаллъун рукIине гьезул лъималги.

КигIан кIудияб шапакъаталдасаги кIудияб буго гьезиеги росдал гIадамаз жидеего кьолеб къимат, гьабулеб хIурмат. Гьаб хъизаналъ гIумру гьабулеб буго яхI-намусгунилан абула гьезулъ хIакъалъул росуцояз.

МухIамад вуго гIуцIарухъан. Кив хIалтIаниги, щивгун кIалъаниги, кив вукIаниги, гьесда кIола жиндаго сверухъ берцинлъи, гIадлу ва гIодоббиччай букIинабун. Гьел киналго бергьенлъаби гьес рикIкIуна хъизамалъул хIасиллъун. 50 соналъ ракI хвечIого, цо къоялъгIаги барщичIого, жакъа данделъаралгIанги цоцалъ хинго ва гьуинго гIумру тIамулеб буго ХIабсатицаги МухIамадицаги. ХIабсатида лъала МухIамад цохIо рукъалъул хIуби гуревги, гьелъул гьумер вукIинги. Кин хъулухъчи хIалтIуде вачIунев, гьесул гьурмал разилъи, пашманлъи бихьун къимат кьола гIадамаз гьесул чIужуялъе. Амма, гьеб экзаменги щуйилалда кьуна ХIабсатица. Жеги вихьичIо лъиданиги гьев пашманго яги хашго.

ГьабсагIаталда МухIамад вуго хIалхьиялда. Гьесул каву кидалго рагьараб буго гьалбадерие, гIагаразе, росуцоязе ва гьениса релъиги гьалбадерил ва лъималазул хъуйги камураб мех къанагIатги букIунаро. Гьеб кинабго, щибго хIал хисичIого, нухда бачуна сабурай, ракI аваданай, свак лъаларей, кинабалиго рокьул хIенхIаз сверухълъиго къалъизабурай ХIабсатица.

ХIамидоваз гIезабунаункъо лъимер, кьуна киназего тIадегIанаб лъай. Лъималазги гIемераб иш гьабула росу цебетIезабизе. БатIайиса букIине ресги букIинчIо. Гьезда цебе букIана умумузул мисал, жидерго захIматалдалъун, гьиналдалъун, гIакълуялдалъун, талихIалдалъун, яхI-намусалдалъун лъураб щулияб кьучI. Щулияб ва гъункараб хъизаналда лъималги рукIуна хIалтIуде ругьунал, захIмалъаби къезарулел, кIудиязул адаб бугел, гIадамазул хIурмат гьабулеллъун. Сахлъи нужее, лъикIал гIадамал.

**ПатIимат ЮНУСОВА**





Ищцоязул хIакъалъулъ хъвазе бигьаго букIунаро, гьеб ккола жавабчилъи кIудияб хIалтIи, гьелде тIадеги жиндир бихьулеб къватIисеб рахъалдасаги бихьулареб рахъ цIикIкIараб ишалъул гIадамазул хIакъалъулъ бицине. Лъидаха журналистасдаса лъикI бичIчIилеб щибаб материал ва сюжет кинан гьабулебали. Амма, кигIанго захIматабилан кколеб букIаниги гьеб профессиялдаса нахъе унел дагьал гурони рукIунаро. Гьелда ругьунлъун хадур лъикIал хIалтIабаздегицин ине бокьуларо. Журналистика буго басралъараб унти гIадинаб жо, гьелдаса эркенлъизе кинго бажаруларо ва гIумруялъул мурадлъун букIуна, кидаго хIаракат бахъула жалго церетIезаризе, материалал лъикIаздаса лъикIал гьаризе, ритIухълъи балагьизе. Гьединлъидал гьеб буго жидер ишалъул кIвар ва гIумруялъул ритIухълъи бихьизабун лъугIулареб пиша. Журналистаз гIицIго гIадамазул балагьи, мурадал, хIажалъаби тIалъиялъухъе щвезаби гуребги, тIалъиялъухъа жавабги балагьула ва гIадамаздаги рагIизабула.

# «БИХЬУЛЕБ» ПРОФЕССИЯ ...

Нижги мекъи ккечIо макъалаялъе мустахIикъай гIадан ялагьулелъул. Гьейги ятана кидаго нижеда жий лъалей ва йихьулей йикIарай гIадинай. ГIемерисеб гьелъул хIакъалъулъ рагIараб битIарабги батана ва гIемераб буго нижер ишалъулъ релълъарабги гIахьалабги пиша. Хатимат МухIамадова – телевизоралъулай, РГВКаялъул миллиял вещаниязул шеф-редактор. Абизе бегьула божун, гьелъ квер лъун бугин нилъер заманаялда бищунго кIвар бугел ишазул цо рахъалда – миллиял мацIал цIуниялда, миллатазул искусство, фольклор гIумруялда жаниб хIалтIизабиялда тIадилан.

Хатимат МухIамадовалъе хIалтIи – чIамучIаб ишлъун кколаро, гьеб буго творчествоялъул лъугIел гьечIеб церетIей, гьелъ кинабго хутIараб кIоченабула.

МагIарухъ, гIадатияб хъизаналда гьаюрай ва гIурай Хатиматиейин абуни гIагараб мацI цIуни – цIакъго кIвар бугеблъунги ккола, гьеб буго рахIат хвезабулеб ва хIаракатчилъи бихьизабизе кколеб суал. Гьелъ абуна жеги школалдаго йикIанила жий хIаракатчилъи гIурай ва жигарайлъун. ДГУялъул филологическияб факультеталъул РДОги лъугIизабун гьей школалда мугIалимлъун хIалтIун йиго. Дол рукIана 1999 соналъ Болъихъ рагъулал ишал ккелалде цебесеб заман. Гьей гIагараб Болъихъе ячIун йикIана №2 школалда хIалтIизе. ЦIияб ва квегIенаб гьеб школалда Хатиматица тIамуна анцIго сон. Гьелда доб заман, гьанже сонал индалги ракIалде щола бищунго талихIаб, рохалил цIураб, цIалдохъабигун ракIгъун тIамураблъун. Гьезда гьейги ракIалда хутIана гIицIго мугIалим хIисабалда гурей, лъикIай насихIатчIужу ва гIагараб ракьалдехун рокьи жидель цIикIкIинабурайлъунги.

- Дие бачIинахъего бигьаго букIана цадахъ хIалтIулелгун кIалъазе, - ян абуна, ургъун йихьун хадуб, Хатиматица, - батизе бегьула гьеб дун кIудияб хъизаналда гIеялъги. Эмен, Нурудин Халидович гIумруялъго вукIана росдал бетIерлъун. Эбел Султанат Патулаева кIикъого соналъ хIалтIана школалда байбихьул классазул мугIалимлъун. Нижер рукIана микьго ящги, вацги. ГIуна ниж кинабго тIадабщинабги тIубазабулаго. Киназего щвана тIадегIанаб лъайги профессияги, рахьана гIумруялдеги. Кинабго гьеб ккола, жал нижее сундулъго ва кидаго мисаллъун

рукIарал эбел-инсулги, гьединго росдал битIараб тарбия щвеялъул хIасил.

Хатиматица ракIалде щвезаюна жиндир кIодоэбел ПатIимат Сурхаева, гьей йикIанила халкъиял маргьабиги, кучIдулги, абиялги лъалей гIадан.

- Гьей йикIана гIадатияй, амма тIадегIанаб лъай щвечIей, магIарулай, - ян абуна Хатиматица, - хIалтIулей йикIана бихьиназда бащадго, кинабгIаги хIалтIудаса хIинкъизеги хIинкъулароан, гьединаллъун гьаруна гьелъ нижги ва гьелдаго цадахъ гIемераб бицунаан халкъияб творчествоялъул, маргьаби рукIана жидер цIарги ишги гIасрабазе хутIарал лъикIал махщалилазул, бахIарчиял гIадамазул, гIакъилал чагIазул хIакъалъулъ.

- КIодол кIалдиса унеб щибаб рагIи магIнаяб букIунаан, гьеб рагIулаан, жиндилъ гIагараб ракьалъул махIги, тIабигIаталъул гьогьенги, халкъалъул къварилъи захIмалъиги загьирлъулеб, некIсияб кечI гIадин, - илан абуна Хатиматица. – Гьеб киналдасаго гIуцIулеб букIана дир балагьиги, гIагараб ракьалъул тарихалде ва мацIалдехун рокьиги. Гьедин нижер щивасулъ бижана рижараб ракьалдехун кIудияб рокьи ва гьелъ къотIана нижее гIумрудул къисматги бихьизабуна нухги.

***Журналист щун йиго республикаялъул киналго бакIазде, анищал гьарулел руго, гIемерал дагъистаналдаса арал, амма жидерго мацIги Дагъистаналде рокьиги цIунарал гIадамаз гIумру гьабулеб Турциялде ине. Гьез дагъистаниял гъираялда къабул гьарулел руго ва гьаниса журналист ячIиналъухъ ралагьун чIун руго.***

Хатиматил гIумруялда кинабго гIагараб районалда, росдада бухьараблъун буго ва жиндаго ракIалде кковухъе, хIакъикъаталдаги гьелъ гьел рехун тун гьечIо.

- Дида лъалаан, киехун кканиги гьание юссунейлъи, - ян мукIурлъана гьей, гьаниб батана дида дирго талихIги, хъизаналда гьаруна лъабгоял лъималги.

Рос, АхIмад ккола гьелъул мугъчIвараб хIуби, хъизаналъул эмен ва лъикIав гьалмагъ, гьесие гьей кинабго рахъалъ рагьарайги йиго.

- ТалихIалъ нижер хъизан пикру релъараб буго, - ян абулеб буго гьелъ, - росасда лъала дир хIалтIи кIвар бугеб букIин. АхIмад ккола дир бищунго кIудияв критикги, экспертги, гьесул пикруги дица гIадахъ босула ва къиматги къабул гьабула. Гьеб буго гьадинго валагьулев чиясул гуреб, ишалдехун ракI унтун валагьулев чиясул балагьиги къиматги. Гьесда лъикI бичIчIула дагъистаналда миллиял мацIазул бугеб хIалги, гьел цIуниялъул бугеб кIудияб хIажалъиги.

Абизе ккола росас дие кидаго кумек гьабулеб букIанин гьеб хIалтIи лъикI тIубазе, дир анищал гIумруялде рахъинаризе. АхIмад районалъул администрациялъул, муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместительлъиги тун, республикаялъул минфиналде вачун, ниж МахIачхъалаялде рахъаралдаса гIумру цIилъана.

Лъабгоял школалде унел лъималги, рукъалъул суалги букIиналъ захIмалъиги бихьана. Гьединго рокъор кидаго рукIунаан гьалбал. Хатимтие гьеб кинабгоги захIмалъулеб букIинчIо. Гьелъие бокьулаан рукъ ва гьениб киданиги гIумру сасине гьелъ биччалароан. Гьелде тIадеги анищал рукIана мацIазда тIад хIалтIизе, гIелмияб кьучIалдахда.

- РакIалда буго тIоцее РАНалъул ДНЦялъул мацIазул ва литератураялъул Институталде щвараб къо. Доб мехалда гьеб институталъе бетIерлъи гьабулеб букIана академик, мацIал лъазарулев, лъикIав инсан ХIажи ХIамзатовас. Гьес гьадинго гуро гIахьаллъи гьабураб дир къисматалда, кумек гьабуна тIоцересел ва бищунго захIматал галаби гIелмуялде тIамизеги, щвезабуна академиялъул щулияб лъадари ва литератураялда тIад хIалтIизе кьуна рес. Корректор, тилмач, халкъияб кIалзул гьунаразул отделалъул цIияй гIелмияй хIалтIухъан хIисабалда дица гьитIиналдаса байбихьана.

Амма кIодолъи бокьи гьелъул гIураб букIана. Гьединлъидал цIакъго хIисабалда гьарулаан дагъистаналъул классикал авторазул подсрочникал руссине. Заманаялдаса цIунана кандидатлъиялъулаб диссертацияги ва гIелмияб централда цадахъ хIалтIулеца гьелъие лъикIаб къимат кьуна. Гьебго заманаялда байбихьана гьелъ ГТРКаяльул каналалда хIалтIизеги. Цин гьей йикIана штаталда гьечIей хIалтIухъанлъун. РакIалдаго гьечIого лъана телевидениялъулаб хIалтIул тIагIам ва хIаракат бахъана цIияб ишалде гъорлъе ккезе. Гьединги гIелмуги рехун тезе ракIалда букIинчIо, гьелъги цо къадаралда кумек гьабулеб букIана махщалилал сюжетал кьезе, передачаби гьаризе.

- Дие гIемераб кумек ккана радиоялда хIалтIиялъ, гьеб буго унго-унгояб журналистикаялъул къебелъи, - абун бицана Хатиматица. – Жакъа гIадин ракIалде щола аваразул радиоялъул унго-унгояй хIаракатчIужу ПатIимат Рамазановалъ, тIоцебе дие передача гьабизе ихтияр кьураб къо, ва хадуб гьелъ гьеб миллияб радиоялъул иш тIубангоги кьуна. Дица цIалулаан текстал ва тIуразарулаан редакциялъул тIадкъаял: авар мацIалдаса гIурусалде руссинарулаан классиказул кучIдул. Ункъо соналъ радиоялдаги хIалтIун, доб заманаялда РГВКаялъе нухмалъи гьабулев вукIарав МухIамадбек АхIмадовас, гьеб букIана 20I4 сон, дун ахIана жидехъего хIалтIизе ва шартIги лъуна цоги кийниги хIалтIизе бегьиларилан. Гьелъие гьабулеб баянги бигьаяб букIана. Гьесда бихьулаан дица тIаде босулеб ишалъул бугеб кIварги захIмалъиги ва бичIчIулебги букIана цоги хIалтIи цадахъ гьабулей йигони дихъа гьеб бажаризе гьечIеблъи. Гьедин дун хIажатайлъун ккана захIматаб суал тIубазабизе, гIелмуги телевидениеги – бокьараб тIаса бищизе. Дие гьел рукIана кIиялго рокьулел ишаллъун, амма телевидениялде ракI цIикIкIун цIана, дун телевидениегун хутIана. Ва цониги къоялъ ракIги бухIичIо гьеб тIаса бищунилан.

Дица гьелда гьикъана захIматаб иш бугищин анлъго батIияб миллияб мацIалъул жавабчилъиян.

- Гьай-гьай. Дирго миллияб передача букIуна хамиз сордоялъ. Амма анкьица журналистас цохIо гьеб бахъи гуребги, кIикъого минуталъ нилъерго мацIалъ къватIибе кьеялъеги хIадуризе ккола. Гьеб букIине ккола жамгIияталъе, специалистазе, гIалимзабазе кIвар бугелъул хIакъалъулъ бицунеб материал, лъезе ккола бегIерал суалал, гьезие щвезе ккола ричIчIулел жавабал.

ЦIакъго кIвар кьолеб буго шеф-редакторалъ мугIрузул районазде. Хатиматица бицана жиндие къабуллъулила магIарулазул кьучIаб ва магIна бугеб рагIи. Гьединал рагIаби данде гьаризеги бегьулилан абулеб буго гьелъ ва нахъе цIунаниги лъикIаб букIинила, тIагIунеб бугеб бечелъи гIадин.

- Кинха нужеда ракIалде кколеб? – ян абуна Хатиматица, - гIемераб цебесеб ракIалде щвезабулеб ва тарбия кьеялъе батулеб жо гIумруялда тIагIунеб буго ва гIадамал пашманлъизаричIого толаро.

Гьелъул пикруялда рекъон Дагъистаналъул щибаб миллат ккола тарихалъул хасаб тIамач. Шамил районалъул ГьентIа росулъ 60 соналъ школалда хIалтIарав чи ватанила ва гьеб бугила кIвар кьезе кколеб иш. Гьесул бугила кIудияб, кинабгIаги тIехьалда батулареб, методикияб хIалбихьи. Гьесул дарсал журналистазеги цIияб, пикраби гьаризе тIамулеб ва асаралъе гIолеб лъугьа-бахъинлъун кколила, гьединал жакъа къанагIат гурони ратуларила.

Цоги журналисткаялъ бицана Гъизилюрт районалдаса, 45 соналъ рахьдал мацIалъул учительлъун хIалтIарай Сарат МухIидиновалъул хIакъалъулъги.

- Гьелъ дарс гуро кьолеб, гьадинго бицуна классалъулго кIвар буссунедухъ. Гьеб букIуна цебеселъул, гьанжеселъул, мугIрузул улкаялъул букIиниселъул, гьелъул тарихалъул, культураялъул хIакъалъулъ хабар ва рахьдал мацIалъул унго-унгояб дарс.

Жиндирго передачабазе героял Хатиматица цIакъго ургъун ралагьула ва йохула гьел гIадамазда рагIизаризе щвеялдаса. Хатимат ккола «На виду» абураб передача бачуней, гьениб гьелъ бицуна пагьму-гьунар цIикIкIарал гIадамазул хIакъалъулъ.

- Нилъеца эфиралде ахIарав чиясда барабги гIемераб буго, - ян абуна Хатиматица. – Щайгурелъул гьениб нилъеца рекIелъан биччазе ккола щибаб сюжетги текстги, ралагьизе ккола гIадатиял гурел суалалги, гьаркьилав режиссёргун цадахъ хIалтIун, жеги операторгунги хIалтIун, нилъерго квераз гьабизе ккола тексталъул монтажги.

Хатиматил ботIролъ гIемерал руго пикрабиги планалги. Гьелда жийго цее чIолей гьечIо хIалтIиги цадахъ хIалтIулелги гьечIого. Гьелъ абулеб буго битI кканила жиндие РГВКаялъул коллективги, гьелъие нухмалъулей Елена ТIагьироваги лъикIал рукIиналъ. Цоцазда рай, кумекалъе рати, ракI рагьун кIалъай, журналистазул эркенлъуе гIорхъичIвангутIи бугила жидее хасиятаб къагIида.

***Гьунар бугей шагIир, лъикIай тилмач, режиссер, рахьдал мацIазул цIакъай пропагандист, гьезул хIакъалъулъ чанго фильм гьабурай, Хатимат МухIамадова ккола гIицIго республикаялда гурейги машгьурай жамгIияй хIаракатчIужу. Дагьалъ цебе Поэзиялъул – театралда букIана гьелъул юбилеялъулаб сордо, гьенир гьелъ цIалана кучIдул, бицана жиндирго хIалтIулги, рахIат толарел ишазулги. Гьелъие щун руго рагIарал жамгIиял шапакъатал. Хатимат МухIамадова ккола Дагъистаналъул миллияй бахIарчIужу. Гьелъул буго лъабго лъимер ва щугоял гьезулалги. Яс Асият – финансист, эменго гIадин. КIиабилей яс ПатIимат цIалулей йиго РУНДалда ва ригьнада йиго. Вас ГIалиасхIабицаги тIаса бищун буго финансистасул иш.***

***- ТалихIайищ, - илан данде гьикъана Хатимат МухIамадовалъ, - йиго дун талихIай! Гьелдалъун абунин тела кинабго…***

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

**Бика АЛХАСОВА**

# ЦIумур

Сардил сихIкъотIиги хвезабун, телефоналъул зваргъи бахъана. Гьединаб гIужалда гьелъухъе гIицIго цо чияс ахIизе бегьулаан.

- Жаваб кьурабищха дуца, - абун угьун биччана дос.

«Дица жаваб кьуна» - ян абуна гьелъ жинцаго-жиндаго.

- Саламха, гIагарай, - илан цо захIматго гIадин абуна дос.

«ГIагарай я…» - илан дандерижи гIадин багъана гьелъул рекIелъ.

- Дие цебего ахIизе бокьун букIана, амма нилъер къотIи букIиндалха нилъерго ишал тIурачIого цоцазухъе ахIунгутIизе. РакIалда бугищ дуда?..

«РакIалда буго. Гьеб абизе тIамуна дуца. Гьеб буго дур иш…» илан жийго жиндаго гаргадилей йикIана гьей.

- Бигьаго тIурачIо дица ишал, гьелъие хIажалъана лъагIел. Амма кинго дида кколеб букIана жеги хIадурлъун гьечIин, ва хIукму гьабуна дунго дидаго вичIчIизегIан гьениса нахъе ине…

«Лъалебаниха дуда дица доб сон тIамураб куц»…

- БукIахъе бицина, байбихьуда мун дида гIемерго ракIалде щолароан. Нилъ кидаго ракI рагьараллъидалха рукIарал… Гьединлъидал гIенекке.

Дун щвана гIемерал улкабазде ва шагьаразде, рихьана гIемерал батIи-батIиял гIадамал. Чанги ракIалде кколаан, гьалейин доб дица дунял тирун балагьулеб букIараб жойиланги. Амма щибаб нухалда цо гIолареб жо букIунаан, сунцаялиго дие рахIат толароан ва дида кинго бичIчIуларoан щиб дие гIоларого бугебалиги…

Амма заман арабгIан дида лъикI бичIчIулеб букIана дуца рекIелъ бакI щулаго ккун букIин ва кийго мун дида цадахъ йикIин, хIатта дур пикруцин гьабулеб гьечIеб мехалъги.

Байбихьуда гьелъ дир рахIат хвезабулаан, мун кIочонарогоян ццинги бахъунаан. Амма цо нухалда бичIчIана дицаго мун кийго ялагьулей йикIин, дие кийго мун хIажат йикIин. Ахир-къадги ракIчIана дир бищунго хирияб хазина мун йикIиналда ва мун дие къваригIун йикIиналда… Ва хIалакана духье.

«ХIалаканищ? КIиго сонги ун гьечIо! ХIатта гьикъулеб гьечIищ гьеб къоло лъабго сонги ункъо къоги дица кин тIамурабали? Гьикъеха, дица бицина, кинан дица рукъ сверулеб букIараб, бокIналъеги яккун, кумекалъе, мун гьечIеб рокъоб, щивго чиги ватуларого. Кинан дун анкьаз къватIие яхьинчIого чIолей йикIарай, мун гъорлъ гьечIел гIадамазухъ ялагьизе кIоларого: гьезул цонигиязул букIинчIо дур гIадинаб гьими, рукIинчIо гьединал берал ва гьаракь… Кин дида рихун букIараб гIагараб шагьар, гIицIго цо мун жанив гьечIиланги абун. Дун цохIого йикIана киналго гIадамазде, шагьаралде ва чIинтIизайизе хIинкъи жиндир бихьулеб дунялалде данде.

Дида дунго йихьулей йикIана бокIнилъ къазаюн ва, ахиралда къуркьана, лъутана гьениса. Амма дуе гIоло, хIинкъун гуро…

Ана цогидаб шагьаралде, дида щивниги лъалареб бакIалде. Гьениб лъазего лъаларел гIадамазухъан щвана кумек ва церехун рокьулел рукIарал гIагарал чагIаз инкар гьабураб квербакъиги. ГIажаибаб жо батана дида гьеб, гIагарал гIадамал чияраллъун ва чиярал гIагараллъун лъугьунеб ахIвал-хIал. Дие кIиго гIумру гьабизе рес ккараб гIадинаб асар букIана, цояб лъугIараб бакIалда байбихьана кIиабилеб…

Дица кинабго цебесеб гIумруялда тана, гIицIго гьаб гIумруялда мунгун дандчIвазе хутIизегIан.

Дун ругьунлъана мунги гьечIеб гIадатияб гIумруялде – хIалтIизе, гьоболлъухъе хьвадизе, гIадамалгун гарачIваризе, йоххизе ва пашманлъизе. Амма ракI кидаго духъ балагьун букIунаан, щибаб лахIзаталъ ва щивасулъ гьелъ мун валагьулев вукIана.

ГIемерал цересел ахIиял рукIаниги дица телефоналъул номерги хисичIо, щайгурелъул гьаб букIана гIицIго цо дуда дун ятизе рес бугеб нух. Бокьун букIарабаниха.

ЦIакъго ракI пашманлъидал чанги ахIулаан дур номералде, дуца доб, ракIалде ккараб жоги бицинчIого, хисун букIин ракIчIун лъаниги.

Дица дуда жеги абун букIинчIо бищунго кIвар бугелъул. Лъалищ, гьанже дун йоххун йиго гьеб абичIого хутIиялдаса. Щайгурелъул гьеб букIинаан нилъ кIиязего гьересилъун. Мун хутIилаан налъулавлъунги ва киналъулъго хисиги ккелароан.

Нилъер доб гIумруялда мун вукIана Дунялалъул хIослъун, дунин абуни – дуда сверун сверулезул бищунго гьитIинаб ва рикIкIадаб планеталъун. Гьанжейин абуни кинабго батIайиса буго. Дунги ккана дунял сверухъ сверулейлъун, гьеб хIал дие гIагараб буго нилъер цадахъаб гIумруялдасаги. Гьанже дие щивниги къваригIунги гьечIо».

- Хирияй! Дида лъала, дун сабаблъун дуда гIемераб къварилъи бихьараблъиги ва мун дихъ ялагьун йикIараблъиги… Щиб букIаниги абе!

- Мун мекъи ккун вуго. Сордо-къо лъикI!

Гьелъ телефоналъусаги бахъун симкарта, дагьайгIаги лъалхъичIого, бек-бекун бана.

- Эбе-е-е-ел, - илан рагIана жаниб рокъоб кьижун букIараб лъимадул гьаракь. – Эбе-е-ел…

Васасул надалда гIетI бугоан, амма цIа-кан букIинчIо...

- Кьижа, дир месед, кьижа, - йиланги абун гьей васасул макьица ккурал беразда къочана. – Кьижа, дир талихI. Квешабщинаб гьанже нахъа тана. Нилъ гьанже сахлъана. КIиялго.



# ДИР ХИРИЯЛ, ХАРАБИ!



ХIал лъаларев ва бихьичIев чиясда бичIчIуларо гьанжесел социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз тIубазабулеб ишалъул бугеб хIажалъиги кIварги. Гьезда абизе бегьила гурхIел-рахIмуялъул яцалилан, щайгурелъул гьез тIубазабулеб хIалтIул буго жамгIияб кIварги, букIине ккола гIатIидаб ракIги. Гьез, гьелго гурхIел рахIмуялъул яцазго гIадан, кинабго жанги заманги кьола херал, ялгъузал, сакъатал, къварилъиялда ругел гIадамазе ва гьеб хIалтIиги тIадаб борчлъун тIубазабула. Гьениб цохIо бугеб батIалъи ккола гIадамазе хъулухъ гьаби - гьезул хIалтIи букIин.

Хадижат МуртазагIалиева социалияб хъулухъалда хIалтIун йиго 25 соналъ. Гьелъие гьеб ккола рекъарабги къабулабги хIалтIилъун, щайин абуни гьей йиго гIатIидаб ракIги, берцинаб гIамалги, гIадамаздехъун рокьиги жиндилъ бугей гIадан ва гьединал хасиятал социалияв хIалтIухъанасе чара гьечIого къваригIуна.

Харабазе ва сакъатазе хъулухъ гьабиялъул Централъул заведующаялъ бицухъе, Хадижат рикIкIуней йиго гьений бищунго лъикIал хIалтIухъабаздаса цояйлъун. Гьелъие нугIлъи гьабула Хадижатие жинца хъулухъ гьабулезул рахъалдаса щварал гIемерал баркалабаз, гьединго рехсараб Централъул ва министерствоялъул ХIурматиял грамотабаз.

... Хадижат гьаюна лъимал гIемераб хъизаналда. ГIемерисел ясалго гIадин, гьелъги гьитIинго анищал гьарулаан медсестралъун яхъине, сахлъизарулаан гIисинал яц-вацал, гьарулаан гьезие «уколал». Амма Хадижат хехго гIезе ккана, гьелда бихьана бесдаллъи. Ясалъ анкьго сон бараб мехалда хвана эбел, гIисинал, цадахъ гьарурал жеги кинидаго рукIана. Хадижатица микьго класс лъугIидал хвана гьезул эменги. Лъимал хутIана кIодол цIобалда. ГIурал ясазул ургъелги ккун кIудияв вацас Хадижат школа лъугIидал шагьаралде цIализе йиччачIо. Гьединлъидал медучилище гьелъул анищлъунги хутIана, амма къисматалъ ясалъе гьелдаго релъараб хIалтIи кьуна.

Бабаюрт районалда рагьараб социалияб хъулухъалде Хадижат тохлъукьего ккана, заманаялъе, вацасул лъадул бакIалда, гьелъул отпускаялъул заманаялъ, йосун йикIана гьей. Амма гьенийго хутIана, гьелъие хIалтIиги хIалтIуе гьейги рекъон ккана.

ГIолохъанго йикIаниги ясалда бихьун лъалаан щиб жо къварилъиги, камиги, загIиплъиги, унтигияли ва гьеб кинабго бокьараб мехалда бачIине бегьулеблъиги. Ункъо соналъ социалияб хъулухъалда, бищунго захIматазул цояб участкаялдаги хIалтIун, Хадижатие лъикIаб хIалбихьи щвана, гьелъ гьеб ишалъул школаги лъугIана. Гьелда бичIчIана хIалтIул режимги графикги ва гьединго мухIканал тIадкъаялги рукIине гьечIеллъи. Социалиял хIалтIухъабаз гьабизе ккола харабаз гьараараб ва гьезие къваригIараб кинабго, хIажалъани мехелалъги гьезда аскIорги рукIине ккола. БукIинчIо гьитIинабго коллективалда хIалтIул бикьигицин: росабалъа соцхIалтIухъабаз гIицIго жидеда хадур ругезе гуребги гьабизе ккола кумек, гьединго цIолаан кагътал, гьарулаан отчетал, документал, гIадамазда гьикъа-бакъи ва цогидалги ишал тIуразарулаан.

Ункъо соналдасан гIолилай ана росасе ва МахIачхъалаялдеги гочун хIалтIизе лъугьана Геронтологиялъулаб централда цебе гIуцIараб рокъор хъулухъал гьариялъулаб отделалда. Заманаялдаса шагьаразда ругел гьединал централги дандегьарун, гIуцIана херал гIадамазе ва инвалидазе рокъоб хъулухъ гьабиялъул Центр, гьений хIалтIулей йиго нижер героиняги.

Жакъа нижеца бахъулеб буго Хадижат МуртузагIалиевалъулгун гьабураб гара-чIвари.

**- Медицинаялдехун дур букIараб гьира бичIчIула. ГIемерисез жиб захIматабилан рикIкIунеб, социалияб хъулухъ гьабиялъул хIалтIул хIакъалъулъ суалал таманал рижизарула. Гьелъул хIакъалъулъ бице.**

- Унго-унгоги бигьаяб хIалтIи гьечIо нижер. Режимги графикги гьениб букIунаро, къанагIатги щоларо гIодоркъоялги, рукIунаро байрамалги, гьединго хIалтIул къоялъул бихьизабураб заманги гьечIо. Ниж гIадамазухъе гьадинго раккизе гурелъулха хьвадулел, нижеца гьезие рокъоб кумек гьабула, рачуна хараби поликлиникаялде, аптекаялде, тукабазде, кьола гьезухъа босун коммуналиял хъулухъазухъ гIарац ва гIемераб цогидабги гьабизе ккола!

**- Бихьулеб буго нужер хIалтIулъ бищунго захIматаб иш рукIа – рахъиналъе хъулухъ гьаби ккоЛареблъи, гьезул ишал тIуразари букIин. Киназухъаго бажаруларо харабазул хасият-гIамал хIехьон, хIатта гIагаразулги. Духъан кин гьеб лъугьунеб, Хадижат?**

- Дида ракIалде ккола гьеб батилин тарбиялда бараб ишилан. ГIемерал бусурбабиго гIадин дунги куцана чIахIиязул адаб-хIурмат гьабизе, нилъеразулги чияразулги. Гьай-гьай, харабиги, лъималго гIадин, батIи-батIиял рукIуна. Руго цIакъго гIамал гьечIелги, кидаго ва сундасаго разилъуларелги. РукIуна бадире ралагьун

гьимун, хадур гІарзахъдулелги. Къоло щуго соналъ хІалтІидал дида гьел хараби батІи-батІиял рихьана. РукІуна кидадай дун ячІинаян ралагьун чІарал, хинго дандчІвалелги, гьезие бокьула жидер хабар лъугІизегІан дун аскІой йикІине ва гІемериселъ хІисабалде босуларо дир гІемерал ишал рукІинги ва цогидазухъеги щвезе кколейлъиги. Цогидал кидаго разилъи гьечІого ратула, жидер рекІел хІал ва щцин диде чучизе лъугьуна, дагІбаялде цІазе байбихьула, цоги гьеб чучизе чиги щоларого. Лъабабилел лъугьуна тІадкъаязулъ къазайизе, гьел рукІуна хІажатал ишалги, хІажалъиго гьечІелги…

Дирин абуни гьезда щцин бахъунаро ва щцидахун кІалъалезе хъачІго жавабги гьабуларо. Дида гьел киналго гІисинал лъимал гІадин рихьула ва гьезда тІасаги лъугьуна. Дида бичІчІула гьезул щивасул жиндирго, бигьаяб гьечІеб къисмат букІин, чанги талихІ къарабги. Дида ричІчІуларо хараби хІехьоларел ва гьезул хІал цебе чІезабизе бажаруларел гІадамал. Нилъер налъи буго хараби хьихьиги тІурайги. Диейин абуни рокьула дица тІалаб гьабизе тІаде росарал гІадамал, лъала гьезул гІемерисезе дун бищунго гІагарай гІаданлъун йикІин ва йикІине кколейлъи.

**- Щиб бицанигиха, социалияб хъулухъалда хІалтІун гІадамал гІемераб мехалъ хутІуларо. Гьеб буго захІматаб ва баркала щолареб иш. Кин дуе гьеб гьедигІанго бокьараб?**

- ЧІахІиял рагІаби абизе бокьун гьечІо, амма дун кутакалда разилъула дир гІадамазе бугеб хІажалъи бихьидал. Йохула дирго кумекалдалъун херазе ва сакъатазе бигьалъи лъугьунеб, дидаса гьезие хайир бахунеб букІин бихьун. Дихъе харабазги инвалидазги бокьараб заманаялда ахІула. Цо нухалда къаси сагІат лъабгоялдаги гьарана цо унтаралъ жиндихъе ячІаян. Гьей гьений гІодойги ккун, яхъине кІоларого ятана. Гьелъул бох бекун батана, дица гьей больницаялде ячана ва гипс лъезабуна… Хасго кІвар кьола дица ялгъузал гІадамазде, гьезул дун гурони чи гьечІольиялъ. ЙикІана дир участкаялда жийго хутІарай херай гІадан Насимова Маргарита Савиевна. Шагьаралда гьелъул щивниги чи вукІинчІо, цохІо йигей ясалъ гІумру гьабула Москваялда, гьейги гьанже ригьалде яхарай унтарай гІадан ккола. ЦІияб Соналда цее хІукму ккана Маргарита Савиевнаялъухъе щвезе ине. Гьей ятана температураги бахун, захІматго. АхІун хехаб кумекгун щвезаюна больницаялде, гьениб лъана рецІул цІураб грыжа букІинги ва гьабуна операцияги. Дунги сордо рогьинегІан гьелда аскІой хутІана. Радал яхъун гьенисан цогидазухъе щвезе ана. Больницаялдаса гьей ячІиндалги кІиго анкьица къойилго яккизе кколаан, ругъун чуризе, бухьизе ва кумекалъе. РукІана гьелда гІажаиблъи гьабулелги гІадамал: щайдила дуе гьедин гьелъул тІалаб гьабизе, гьеб дуда тІаде кколеб иш гурила ва гьелъухъ тІаде кьолеб гІарацги букІунарилан гаргадулаан. Гьеб битІараб буго, амма лъица букІаниги унтарай хералъул тІалаб гьабизе ккеларищ, гьелда аскІов щивниги гьечІелъулха?! Яс ячІана, кІиго анкьалъги йикІун нахъе ана, гьелъулги букІинчІо щибго кумек гьабизе чІаголъи, жийго йиго унтарай гІадан. Рес бугел чагІиги гьел гуро, аскІов вукІине чи кквезеги рес гьечІо. Гьединлъидал яс нахъе арайго дун хьвадизе ккана хералда рухІ бачІинегІан гьение. Вай, гьей дидаса разилъун йикІараб куц щиб нужеда лъалеб! Баркала гуребги гьелъ дие гІемераб лъикІабщинабги гьарана…

**- РакІги жанги дур тІалабалда таразеги кьун, гьезда цадахъ гІемераб заманги хвезабун, дурго хъизаналъе гІолебищха кІварги тІалабги. Гьезул разилъи гьечІолъи букІунарищ кватІизегІан хІалтІуда хутІиялда бан?**

- Нижер лъимал гьечІо, амма нижеда гьел гьечІолъи рагІуларо,ниж нижго цохІо кидагІаги хутІуларо. Дир руго гІемерал вац-яцал, гьезул руго гІезегІанго лъималги. ГІемераб гІагарлъи буго росасулги. Нижеца гІумруги кІудияб цо хъизаналъ гІадин хІал рекъон гьабула. Гьай-гьай, дие бокьилаан гІагаразе заман цІикІкІун кьезе, амма кидаго гуро гьелъие рес рекъолеб. Дица баркала кьола росасе. Дир МухІамад вуго, тамахав, гІадамазда гурхІел бугев чи, гьесда лъикІ бичІчІула дир хІалтІул кІварги дир хІалги. Цадахъ хІалтІулез гІемер бицуна росасе къабуллъуларила, ахІун бачІун жал инеги, дагьаб харжалъухъ цІикІкІун хІалтІуда хутІигиян. Дида гьединаб хабар МухІамадил киданиги рагІичІо. МухІамадица жинцаго абула хералги унтаралги гІадамазе цІикІкІун кІвар кьейила, хъулухъ лъикІ гьабейилан. Гьес гьеб тІалаб киназдаго тІадаб ишлъунги рикІкІуна ва абула гьединал гІадамазе гьабураб кумек тІадбуссун бачІунилан. Гьединаб хъулухъ гІадамазе гьаби жидер жавабияб ишлъун кколецайин абуни кІиго нухалъ цІикІкІун хІаракат бахъизе кколила. Росас живго цадахъ вилъунги щвезаюла тІалабалда ругезухъе, гьениб сордо бан хутІаниги хабарги гьабуларо.



**- Щибилан абилеб дуца гьеб дур гІадинаб хІалтІи гІумруялъул ишлъун ккарал гІадамазда?**

- Дица гьезда абилаан цин жидер гІадамаздехун ва гІумруялдехун бугеб балагьиялъул хІисаб гьабейин. Социалиял хъулухъазда рукІине бегьуларо ургъел гьечІел, ракІ унтун гІадамазул тІалаб гьабуларел, ракІ кІудиял, чІухІарал, кІвахІалал, сабру гьечІел, риха-хочарал чагІи. Гьеб ишалда рукІине ккола жавабчилъи гІурал, жигарал ва кумекалъе хІадурал гІадамал. Гьелде тІадеги, тІоцебесеб иргаялда гІадамаздехун букІине ккола рокьи, ракІчІей, гьел ричІчІи. РичІчІичІони кумек букІунаро…

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**



*ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ*

# ЯЛАГЬУНЧIЕЙ

*(Хабар)*

Къаси мехалъ къватIиеги ячIун, моцIрол канлъи букIаниги хъинтIун спичкабигун, гIазуда тIад цо жо балагьулей йиго гIолохъанай яс.

- Гьанжесалаги дирго гуронани гьечIо, - ян абулеб буго гьелъул сородулел кIутIбуз, гIазуда хутIарал жиндирго лъалкIазухъги ялагьун.

Гьей цIидасан рокъое жание лъугьуней йиго ва бецIлъуда биххун унеб рагIадги къеде реххун, горда цее гIодой чIолей йиго. Хъатикь кковухъего хутIулел руго спичкаби. Жиндидаго гуронани рагIулаpenínsula гьелъул кIутIбуз щурулеб буго:

- ВачIун вукIана гурищ мун...

Циндаго гьелъул къеде реххараб рагIад багъарахъдулеб буго, гьей тIаде яхъуней йиго ва цебе битIун сородулеб кваранаб квергун, горде аскIоегIан ячIуней йиго.

- Гьале… ВачIа… Мун нахъе унге гурищ?.. Дун гьабсагIат… Квачалев гьечIищ? Жаниве щай вачIунарев? ВачIа… Дица дуда дирго анищазулги бицинаро… Дун киналго гIадин йикIина, дуца абу-абураб гьабила…

Горда лъураб цIорода кверги тункун, яс юцIцIун чIолей йиго. Хадуб, заманалдасан, сагIтил гьаракьги къинабун, гьелъ абулеб буго:

- Мун щай кIалъаларев…? КIалъай… Доб… унеб мехалъ абун букIараб абуниги хIехьела дица… КIалъай…

Щивниги кIалъалев гьечIо. Ясалъул кIутIбузул сороди лъугIулеб гьечIо:

- Дие… Дие щибниги бокьун гьечIо… Дица дуе бокьараб гьабила… ЦохIо нухалъ дур гъажалда бетIер лъезе…

Гьединги абулаго гIолохъанай яс, рокъоб жаниб бугеб квачараб гьава багъариларедухъ, цIодорго, гьаракь бахъинаредухъ къватIие лъугьуней йиго. Горда гъоркье щвейгун гьелъ, гIураб моцIрол канлъи бугониги, спичкабиги хъинтIун, гIазуда тIад цо жо балагьулеб буго.

- Гьанжесалаги дирго гурони гьечIо, - ян абулеб буго ясалъ, жиндирго лъалкIазухъги ялагьун.

ТIадюссун рокъоеги ячIун, бецIлъуда биххун унеб рагIадги къеде реххун, гIолохъанай яс горда цее гIодой чIолей йиго. Гордухъан къватIиеги ялагьун гьелъ щурулеб буго:

- ВачIун вукIана гурищ мун…

Спичкабиги хъатикь кковухъего руго…

# КЪЕД

- Дунги лъе къадалъ.

- Мун къадалъ лъезе ккани, дудаса гIемераб жо нахъе бекIкIизе ккола… ХIехьелебищ?

- ХIехьела… БекIкIе…

- Щай дуе къед бокьулеб?

- Сахал ганчIал гурищ къадалъ рукIунел…

- Дун, дунго гIадал ганчIазулъ гьоркьоб къан буго… Нахъе бахъе дун къадалъа…

- Къадалъ ругел ганчIал дуда релъизе руго…

- ХIехьела, бахъе дун нахъе…

- Щай дуда къед рихараб?

- Сахаб ганчIица къед хIехьоларо…



# ДУНЯЛ БИХЬИ ГIУМРУЯЛЪУЛ МАГIНА



Шамиль хIалтIула офисалда пачалихъалъул хъулухъчилъун, амма гьелъ гьесие квал-квал гьабуларо хьвадизе. Щвана Дагъистаналъул киналго районазде, гьединго Осетиялде, Грузиялде, Карачаево-Черкесиялде…

- 2007 соналъ маялъул байрамазда нижун рукIана гьалмагъасухъе росулъе. Гьеб буго Табасаран районалда. Хучниялде щвезегIан маршруткаялда рекIун гьениса росулъе ниж ана лъелго. Дун хIикмалъизавуна гьениб бугеб берцинаб тIабигIаталъ: гIурчинлъиялъ, гIалахаз, гьединго нухда ратарал нохъаз.

Гьединго гIажаиблъизавуна гIадамаз гьенир гьалбал къабул гьарулеб куцалъги. Гьанжеги кIочонаро радал вахъиндал дир хьитал ратун рукIарал рацIцIадго, - ян бицана Шамиль ГIамировас, жиндирго доб сапаралъул хIакъалъулъ. – Доб сапаралдаса дихъ хутIана гIицIго цо сурат, амма гьеб букIана дир тIоцебесеб сапар ва гьеб ккана дир Северияб Кавказ бихьизе хьвадизе гъира бижизабураблъунги.

Сапараздаса рачIуна лъикIал ракIалде щвеялги, бакIазул гIадамазул ва тIабигIаталъул берцинал сураталги.

**- Дуца сапарал рекIелгъеялъейищ гьарулел ялъуни дуе гьеб хIалтIи - хIалхьийищ?**

- Кинабго цадахъго…Офисалда хIалтIи букIуна цохIогояб, чIамучIаб, гIодоркъоялин абуни – дир заман буго. МоцIида жанив цо-кIиго нухалъниги къватIиве вахъине ккола бакIал рихьизе ва рекIелгъеялъе. Дида ракIалде ккола гьедин гьабичIони заман гIадада унеб бугин.

МугIрузда рагIула нилъер унго-унгояб эркенлъи. Дида ракIалде ккун буго херлъи магIарухъ киб букIаниги дандчIвазе (гьимулаго)…

Гьанже дида батана цоги гъираялда гьабулеб ишги, ралагьула магIарухъе щвечIел, мугIрул рихьизе бокьарал гIадамал ва гьелгун гьарула сапаралги. МагIарухъ кидаго ракIгъун ва батIа-батIайиса букIуна. Мисалалъе, Гендерил тоннель бахунаго гьава-бакъ хисун батула. Буйнакскиялда цIад балеб букIараб мехалда, доб рахъалда букIуна бакъ, яги гIаксалда. ТIоцебе гьеб бихьулел гIадамал цадахъ ругони цIакъго кIудияб асарги лъугьуна.

ГIемераб заманаялъ данде гьабуна дица гьеб къокъа. ХIисабалде босула киндай гьав чи гьалмагълъун вукIина, киндай сапар хIехьела абурал рагIаби. Иш гьениб лъикIав яги квешав чи вукIиналъулъ гуро букIунеб, гьеб буго данде ккезабизе бажариялда бараб.

ХIаракат бахъула гIиси-микъинаб жоялъул ургъел гьабулел ва хабар бицунел цадахъ рачунгутIизе. Гьединалгун иш рекъезабизе бажаруларо. Абизин, букIуна чанги магIарде рахунаго борхалъиялдаса яги лабаллъиялдаса хIинкъун ахIдезе лъугьинги. Гьединаб мехалда цадахъ ругелги лъугьуна рихахочун ва гьабизе жо лъаларого хутIула.

**- Дуего кколеб хайир гьечIони гьел сапарал сундуеха къваригIарал?**

- ХIаракат бахъани хIажалъи сундулъго бихьизеги бегьула (велъула). Унго-унгоги дидагоги лъаларо гьелъул мурад. РакIалде щвана «Эверест» абураб кино. Дора магIарде рахунаго гIемерал хвана. Гьенив вукIана цо херавги, гьесда гьикъулеб букIана; «Щай дуе гьаб гьабизе?» ва гьес жаваб кьола: «Щайгурелъул бажарула». Гьединго дунгиха, бажарарабгIан заманаялъилан. ГIемеразда бичIчIуларо дица гьабулеб ишалъул мурад. Цо нухалда ниж рахунел рукIана Гъамсукье, гьанже жиб гIезегIанго машгьурлъараб. ГIемерал рукIана нижеда цIехолдулел щайзедила гьенире хьвадулел, щибдила гьелъул кколебан, ва гьебго заманаялда жалгоги рилълъунел рукIана нижеда цадахъ, гьадинго рекIелгъеялъе ва заман инабиялъе. Амма гьезда бихьулеб букIинчIо сверухъ тIабигIаталъул берцинлъи: чвахиял, къварилъаби, гIаздалал тIогьал…

**- Бищунго лъикI ракIалда хутIараб сапар кинаб букIараб дур?**

- Дагьалъ цебехун Фийялде гьабураб. ЦIакъго хIалакун ккана гьеб ва гIолохъабиги рукIана цадахъ. ГьитIинабго гIоралъ хвезабун батана нух ва нижеца хIукму гьабуна бакIалде щвезегIан лъелго ине. Гьеб букIана апрель, бакъулаб хинаб къо. Гьава-бакъалъул хIакъалъулъин абуни букIана цIад базе бегьулин хъван, амма зоб букIана роцIун.

**Женщина Дагестана**

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
П. З. АБАКАРОВА
**ответственный секретарь**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
С. Г. ПАРХАДАНОВА
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: J-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Сдано в набор 29.05.2019.
Подписано в печать 27.05.2019.
Формат бумаги 60 х $84^1/_8$.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0506. Тираж (3358)430 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00368 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I – Ирина Нахтигаль – заслуженный деятель искусств РД, художественный руководитель Дагестанской государственной филармонии. Фото Эллы Гасановой; III – Работы Шамиля Амирова.

Циндаго зодор накIкIал рахъана ва чвахун бана цIад. Росулъе анцIго километра хутIун букIана, машинаялде щвезегIанги гьедигIанго. Гьеб ккола магIарухъ кIиго сагIаталъул нух. Росулъ ниж лъикI къабул гьаруна ва рокъоре рачун кваназеги хинлъизеги гьаруна.

Гьединго ракIалдаса унареблъун ккана «Бальгояб Кавказ» абураб проекталда рекъон гьабураб квешаб сапарги. Нижеда абуна сухъмахъ ккун кирего сверичIого ине кколин. Канлъи кинабгIаги букIинчIо, сордо, накIкI. Ниж щвана, щобил лабаллъиялда, хъарщазул гьабураб рукъ бугеб бакIалде. Бакана печ, гьабуна квен. Дун гьенив лъикIго квачана. Радал вахъиндал халлъана гьеб рукъ кьурул рагIалда букIин ва ниж рачIараб сухъмахъ борхатаб кIкIалалда тIасан букIараблъи (гьединлъидал нижеда кирехунниги сверугейиланги лъазабун букIараб). Гьединал сапаразда нерваби хвечIого хутIуларо, амма бацIазукьа хIинкъунин рохьоре инчIого тIураларо.

Хадур ниж щвана гIоруххе. Гьелда тIасан бугоан басриябго цIулал кьо. Доб цояб рахъалда бихьулеб букIана кьватIел ва гьелда жанисанги бихьулаан рохь. Гьеб бакIалда цIар буго «Пачаясул каваби». Хадур ниж щвана хIорихъе. КIудияб хIор Хурла Кель, накIкI, сихIкьотIи ва цIулал чIалу. Гьеб буго хIикматаб бакI. ХIор буго жаниб щибго рухIчIаголъи гьечIеб, гьединлъидал цIакъго роцIараб. Гьеб цIулал рокъоб нижеца бана лъабго къо. Гьаруна гьанги тIамун хинкIал, бакана цIа, рахъана тIабигIаталъул ва зобалъул суратал…

Нилъ тIабигIаталда рукIин рагIиялъго лъугьинабула кIудияб асар. Гьеб бакIалдаса гIемер рикIкIад гьечIоан ферма. Добаги букIинчIо канлъи, лъун руго бакъул батареял. Нижеца гьенирeги ун унго-унгояб гIайран гьекъолаан, кунаан цIияб хIан ва гьабигун расандулаан.

**- Мун гIемерал бакIазде щвана, гIадамалгун гара-чIварана…**

- ГIадамал – гьеб буго батIияб тема. Киве щваниги, дагъистаниязул хIакъалъулъ квешаб пикру батула. Цеве дун лъугьунаан гьадиндодин бугилан, нилъерго рахъккун кIалъазе, гьанже мукIурлъула ва абула: «Уха, ниж гьединал руго» ян. Гьеб кепаб ва пашманаб мукIурлъи буго. Гьаб-доб абун гIиси-микъинаб ишалъул бицинчIого ралагьани, гьоркьохъев россиянинасулги, гьоркьохъев американасулги ургъелалги масъалабиги рельарал ратула. Нилъеца, щаялиго кинабго лъикIабги бихьичIого, нилъ рельлъинарулебги балагьичIого, кIвар кьола нилъго ратIа гьарулебщиналде: «Уха, ниж гьадинал руго. Дун лъикIав вуго» абун чIола, миллияб рахъ яги цогидаб хаслъиги цебегIан ккун. Гьединаб хIаракат бахъун гьоркьоблъи рекъезабизе нухал ралагьани киналго бергьуна, гIаммал жал ва рахъал гIемерал рукIуна.

**- Суратал рахъизе цIалун вукIанищ?**

- Курсал дица гьелъие лъугIичIо, гьадинго гIемераб цIалана. Гьеб дир аслияб хIалтIиги гурелъул. Дица суратал рахъула цогидазда дунял дирго бераздалъун бихьизабизелъун. Гьениб аслияблъунги букIуна нилъерго рекIел хIал загьир гьаби. Щибаб секундалда жаниб бахъулеб батула нуснус азарго. Гьезулъ лъикIаллъун рукIуна лъикI рахъизе бажарарал. Унго-унгояв художникас кидаго хIаракат бахъула тIабигIияб хIакъикъат бихьизабизе, суратаздаги гьебго бихьизе ккола. Аслияблъунги гьениб букIуна щиб бугоники нилъераб лъезе бажари.

**- Бокьахъе хвезабизе гIарац бугебани киве ине вукIарав мун тIоцеве?**

- Гьеб буго хъат цIураб гIарацгун кондитерскиялде ккараб гIадаб жо. Кинабго бокьун букIуна, амма квине бажаруларо (вельула). Бокьилаан Непалалде, Перу… ЦIакъго бокьилаан Югалъулаб Америкаялде щвезе. Мачу Пикчуялъухъ валагьизе, альпакуялда квер бахъизе. Гьединго гьира буго, щибаб рухIчIаголъиялъ чIвазе рес бугеб (вельулаго) Австралиялде ине. Гьай-гьай, бокьила, некIсиял гIадаталги гьанжесеб технологияги рекъон ккараб, Япония бихьизеги. 2020 соналъ гьениб букIине ккола олимпиада ва дир анищ буго гьениве ине.

**Гара-чIварана**
**Мария ХIАЖИЕВА**









ИНДЕКС 73899

